

Nanm Ki Nan Prizon Kounye A

63-1110M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Étazini

1 Mèsi. Annou bese tèt nou jis on moman.

Papa nan Syèl la, nou genyen W rekonesans, pou privilèj sa poutèt nou rasanble ansanm yon lòt fwa, konsyan ke yon jou nou va rasanble pou dènye fwa, antan ke mòtèl, e lè sa nou va rasanble nan yon eta glorifye avèk Ou, epi ak tout rachte tout aj yo ki va rasanble la.

2 O, kè nou ap bat fò, nan...nan gwo antisipasyon, ap tann pou lè sa rive! Poutèt sa, tout krent disparèt soti kite nou. Nou pa gen anyen pou n pè, anyen pou fè nou tranble. N ap tann pwomès ke Bondye Etènèl la te fè nou, e nou konnen ke se Laverite. Se poutèt sa n ap viv.

N ap viv pou sa, pou lè sa, tan sa, kan kò mòtèl sa va chanje, pou nou vin tankou L, e pap gen ankenn maladi, ankenn tristès, ankenn kè sote. O, tou sa va fini lè sa. Epi ak lajwa nan kè nou, nou menm, avèk fwa ak kouraj, n ap tann Jou sa.

3 Se poutèt sa nou rasanble isit la jodi a, Seyè, pou konfese fòt nou yo, e apre sa fikse je nou sou Papa nou ki nan Syèl la ak kè nou louvri, pou benediksyon epi renouvèlman fòs ak lafwa, pou Li ka bannou nan moman sa a, pandan nou rasanble la dapre pwomès la, “nan lye Selès nan Kris Jezi.” Paske nou reklame ke nou te pase de lanmò a Lavi, dapre pwomès Li, e nou monte nan atmosfè Selès, pou chita avèk Li kounye a menm. Ke L ka anseye nou maten an bagay Li ta vle nou konnen, pou bannou Pen Lavi a, pou sa ka soutni nou pou lavni sa ki etale la devan nou. Akòde I, Seyè. Se priyè nou ke nou mande lan Non Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

4 Bonjour, tout moun. Se trè byen pou nou rasanble isi a ankò avèk nou maten an, nan atmosfè adorasyon Selès sa.

5 M jis on tijan an reta, nou te gen yon...yon vrè, apèl vrèman serye sa fè jis kèk minit pase; yon jenn gason ki te etann la, ap mouri. E osi sèten ke m kanpe la, Seyè a te touche kò l e Li te voye l sou wout la. Kidonk...

6 Epi yon—yon—yon jenn gason ki kanpe la, li se pitit kouzen mwen. Yo se Katolik tout bon, pou kòmanse, yo te al lamès maten an e yon bagay te di yo pou yo vin isit la. Kifè yo...Gen yon chanjman. Kidonk yo te—yo te vin lakay la, pou te prepare yo pou batèm dlo. Konsa la gen yon—gen yon...se senpleman dè bagay mèveye ke Seyè nou an fè tout tan. Li jis ap fè yon seri de bagay tout tan. Yo te vini pou antre, men yo pa t ka antre. Yo te di pa t gen senpleman ankenn fason pou yo te antre.

7 Mwen te di, “Ebyen, ou vle pale avè m,” epi mwen te di, “ebyen, jis vin lakay, e nou va pale, la.”

8 Kidonk mwen te panse, sou wout mwen pou al New York, pou reyinyon k ap vini an, ke sa t ap jis tèlman byen...Mwen konnen m t ap gen tan rafrechi m pou antre epi—epi ede limen limyè pa m nan ak dife nou tout te genyen an, e nou te rete pou yon jou, ki se maten an. Nou te rive yè, avan yè, a midi.

9 Apre sa n ap oblije kite. Mwen ta pral kite, apre midi an, men m panse mwen prale...E n ap kòmanse maten an, bonè, vrèman bonè...Nou ka gen nèj sou wout yo, ak bagay konsa, ant isi a e New York. Nou oblije pase pa Virginie, atravè montay yo, ak rejyon Allegheny yo, epi jis pati anba rejyon Adirondack la.

10 Kifè n ap kòmanse nan, mwen bliye, se arena ki la, youn ki nèf. Yo te detwi ansyen arena Saint Nicholas la, dapre sa m konprann. Yo te bati sa tou nèf sa. E dapre

konpreyansyon pa m, n ap gen apeprè kèk nan premye sware ki te janm...ke yo te mete de kote yo. Kidonk nou gen rekonesans pou sa, pou pi gran rasanbleman moun Pannkotis lan New York. Mwen kwè nou gen plizyè legliz ki ap kolabore, e nou atann nou a yon gran moman.

11 E nou va retounen, si Seyè a vle, kèkpa semèn pwochèn lan. Epi—epi si se volonte Bondye, enben, nou espere fè yon arè pou Dimanch, nan yon semèn, pou—pou sèvis Dimanch maten an.

12 Apre sa mwen te debake drèt sou pastè pa nou an ankò, kòm dabitid, ou wè, epi—epi mwen te panse petèt si m reyisi antre, menm san pèmisyon. Epi la pandan m la gen yon bèl gwoup isit la, moun mwen wè ki te soti andeyò vil la, yo la; mwen te panse ke petèt, aswè a, si pastè a pa gen anyen espesyal, sa t ap byen pou gen yon ti sèvis aswè a, jis youn tou kout, epi, ebyen, petèt

priye pou malad. [Frè Neville ak kongregasyon an ap rejwi yo—Editè a.] Mèsi.

13 Nou espere priye pou malad aswè a, pale sou gerizon Divin epi—epi priye pou malad. N ap kòmanse bonè pou nou ka fini bonè. E si pastè a vle, kisa...Dabitid ou kòmanse a setè-trant. Èske se sa? Sa w panse pou ta kòmanse a setè aswè a, setè? [Frè Neville di, “Amèn.”—Editè a.] Pèmèt mwen vin sou chè a a setè-trant, sa ap pèmèt mwen fini bò zòn uitè oswa uitè-trant, e sa ap bay moun yo tan lè sa pou—pou ale, si sa—si tout bagay—si sa kòrèk. Tout moun ri kan mwen—kan mwen te di uitè, oswa uitè-trant. Mwen—mwen—mwen espere fini a lè sa. Pou priye pou malad, ou konnen, nou pa janm konnen.

14 Kidonk nou te gen yon—yon tan ekstraòdinè depi m te kite nou Otòn dènye a, anvan an, e Seyè a te beni nou nan anpil gwo bagay. Sa...Epi aswè a, si Seyè a vle, mwen vle pale nou sou dènye vizitasyon mwen te

genyen, de Bondye, nan Colorado, kèk semèn pase. E se sa mwen te panse pote pou nou kounye a, petèt pou estimile lafwa pou yon bon sèvis gerizon aswè a, pou malad ak aflije yo.

15 Bon, maten an, pou ale dirèk nan sèvis lan, mwen...Yon bagay te vin sou kè mwen anviwon yon mwa konsa. E sa ka, bon, mwen panse ke yo...Èske y ap anrejistre sa? Èske y ap anrejistre sa? Ya. Dakò. Pou m ka konnen ki kote, si bann lan soti al jwenn lòt moun. Mwen paka di ke sa m pral pale sou li maten an...Mwen paka di se—se—se...Mwen konnen ke se kòrèk, ou wè, pati Mesaj la ap kòrèk. Men bagay, mwen vle fè a, se yon kesyon ki nan panse m. Sa sanble li sitèlman reyèl. E poutan depi m te retounen an, e depi mwen...sa te revele a mwen menm nan, mwen te tèlman pè ke m te di yon move bagay pou kite petèt yon movèz enpresyon sou moun yo. E se yon...Epi mwen...

16 Sa mwen te ekri kòm nòt, sou sa mwen ta pral di, mwen te retranche on pati ladan l, pou m pa t rann li petèt twò fò. Paske, ou wè, si yon—si yon moun...mwen—mwen renmen Bondye Seyè a, e, sèl fason m konnen ke mwen renmen l, se paske mwen renmen w. Ou wè? Se sèl fason mwen ka konnen. E malgretou mwen—mwen pa vle gen anyen ki revele a mwenn menm pou m pa di w, si m dwe di w li. E lè sa mwen pè ke si m di on bagay on tijan twò fò, sa ka blese yon moun. Epi, ou konnen, se yon...Ou jis oblije jis prèske rive sou estrad la pou santi w kondui lè sa pou di sa w pral di a. Se tou. E alò pafwa ou ka di on bagay, epi on moun pral gen...yon lòt opinyon sou li, e yo va pati sou bò sa; apre sa on moun va di, “O, sa se sesi,” ou wè.

17 Men mwen vle w konnen ke sa m pral di a se senpleman pretansyon, e mo pretansyon an vle di “ale an avan san otorite.” Kifè mwen...Mwen—mwen pa di

ke sa se verite, men se jis yon ti panse ke mwen vle glise ba ou, pou w kapab peze l epi wè sa w panse de sa. Epi lè sa sa va, natirèlman, sa va—sa va selon Lèzekriti, paske mwen pa t ap preche anyen...

18 Men èske se tan an ankò? Èske sa te rive pou moman sa, epi èske bagay sa yo vle di sa? Mwen priye, ak tou sa ki nan mwen, pou se pa sa. Ou wè? M priye pou se pa sa, pou se pa lè sa. Sa pral rive, men èske se tan sa ankò? Ou wè, se sa m ap mande m. Kounye a, tout moun konprann, byen konprann, ke mwen pa konnen? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Mwen jis...Èske se tan sa? Si se sa, ke Bondye gen pitye pou nou. Men, si se pa tan sa, pèmèt...sa va rive.

19 Kounye a, osito nou kapab, nou gen yon gwo trajè devan nou, si Seyè a vle. Mwen gen pou m ale lòtbò dlo, touswit apre Nowèl, an Europe epi Asie; Europe espesyalman. E apre sa m ap retounen isit la Ozétazini, pou kèk sèvis, , apre sa m ap retounen desann an

Afrique Du Sud. M ap kòmanse le 2— Septanm, Durban, pou ale apati de 2zyèm jou a, mwen kwè, jouk apeprè 10zyèm lan, answit mwen gen twa jou pou ale de la a Johannesburg pou rekòmanse ankò. Men mwen kwè se mwa Avril la, n ap kòmanse nan peyi Scandinave yo, an Norvège ak Suède epi—epi Finland, epi—epi Hollande ak Suisse ak Allemagne, epi—epi atravè Europe la. Kifè rete an priyè pou nou.

20 Nou gen kèk reyinyon isi a, peryòd Nowèl kounye a, touswit apre Nowèl. An pasan, nou vle isi a pandan peryòd Nowèl la, lakay. Timoun yo vle vin lakay, pandan peryòd Nowèl la. Nou—nou renmen Arizona, men ou konnen bagay—bagay ke nou gen nostalji pou li, ke nou jis paka pase nou de sa, se legliz sa e nou menm moun yo. Pe enpòt kote n ale, sa n ap fè, se jis...Timoun yo, mwen menm, madanm mwen, ak nou tout. Pa gen ankenn kote tankou sa. Se vre. Jis pa gen tankou l.

21 Mwen te pakouri sèt lanmè, e mwen—mwen te al tout kote, men pa gen ankenn kote ki ta sanble gen plis glwa pou mwen tankou ti plas sa drèt isit la. Se li menm. Jis elwaye w de li yon fwa, si w vle verifye sa. Genyen senpleman yon bagay konsènan isit la. Mwen preche toupatou nan mond lan, pratikman, mwen pa t janm gen, a oken moman, ankenn plas, kote m te janm senti Lespri Bondye, ak libète epi bagay konsa, tankou jan m santi m lè m kanpe drèt isit la. Se li menm.

22 “Bondye, pèmèt ke...” Tankou jou lè mwen t ap poze pyè angilè / wòch kwen sa laba, mwen te di, “Bondye Seyè, piga w kite l tonbe.”

Moun yo te di, “Nan de mwa, se va yon garaj.”

23 Mwen te di, “Pa kite l tonbe, Seyè. Pèmèt li ret debou, ak moun yo ladann ap louwe W lè Jezi ap retounen.” Mwen kwè sa va konsa.

24 Bon ann al nan Bib la kounye a, epi—epi espere ke Seyè a va bannou benediksyon Li. Nou vle li kèk Ekriti. Mwen gen kèk Ekriti ki ekri la ke mwen vle refere m a yo, ak kèk nòt. E mwen vle li twa kote nan Bib la, e mwen pral ba nou yo, dabò. Mwen vle li nan Jid 5 e 6 Jid se jis yon sèl Liv, ou konnen. E apre sa mwen vle li 2 Pyè chapit 2, 4 ak 5. Answit mwen vle li 1 Pyè, 3:18 a 20

25 E sijè mwen maten an, si Seyè a vle, se: *Nanm Ki Nan Prizon Kounye A*. En-en. *Nanm Ki Nan Prizon Kounye A*, klete fèmen, kondane a vi. Pap janm, pa gen ankenn fason pou sove, ou wè, nanm ke yo te met nan prizon kounye a.

26 Bon annou li nan Liv Jid, dabò. Mwen kwè m te make l la pou premye kote a, nan Jid; e apre sa nan 2 Pyè, e answit—answit nan 1 Pyè. Kounye a, Jid, mwen ta renmen li tout nèt; men jis pou sove tan, poutèt li dizè-trant deja, m ap kòmanse ak 5yèm vèsè a. Bon, Jid

se te frè adoptif, frè adoptif, Jezikri, jan nou tout konnen an. Ou wè? Li te pitit Joseph.

*Atout nou deja konnen tout bagay sa yo byen pwòp,
Mwen vle fè nou sonje kijan lè Bondye te fin delivre
pèp Izrayèl la anba moun Lejip yo, Li te detwi tout
moun ki pa t kwè yo.*

27 Te sove yo, dabò, te fè yo soti nan peyi Lejip, e apre sa te detwi yo poutèt yo pa t kontinye avèk mesaj yo a, ou wè.

*Sonje tou kijan zanj ki pa t rete nan pozisyon
Bondye te ba yo a men ki te kite kote L te mete yo
a, Bondye kenbe yo nan mitan fènwa a, mare nan
yon chenn ki pap janm kase. Se la y ap tann gwo
jou jijman an.*

28 Zanj ki t ap viv nan Syèl la yon lè, e ki pa t kenbe pozisyon yo ak chemen yo te ladann lan, yo te tonbe, epi kounye a yo nan chenn tenèb, nan chenn tenèb a vi,

ke yo gade nan kondisyon sa jouk gwo Jou Jijman an kote yo va jije avèk tout rès enkwayan yo.

29 Kounye a nan 2 Pyè, chapit 2, kòmanse ak vèsè 4 la, ke w jwenn jis yon liv ou de apre sa, ou wè.

Bondye pa t fè pa zanj ki te peche yo. Li te voye yo jete nan lanfè, Li lage yo nan gwo twou kote ki fènwa anpil la, L ap kenbe yo la pou yo tann jou jijman an.

Bondye pa t fè pa moun nan tan lontan yo. Men, Li te delivre Noye, yon nonm ki te mache dwat devan Li, ansanm ak sèt lòt moun lè Li te voye gwo inondasyon an sou mechan yo.

30 Li pa t fè pa Zanj sa yo; te anchennen yo nan tènèb, epi Li te kondane tout mond lan nèt ak destriksyon, tan—tan Noye a.

31 Kounye a nan 1 Pyè, chapit 1 epi...1 Pyè, chapit 3, kòmanse ak vèsè 18 la, nou li ankò. Bon, koute byen kounye a.

Paske Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, Li pap janm mouri ankò. Li menm ki t ap mache dwat devan Bondye, Li mouri pou moun ki pa t ap mache dwat yo, pou L te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò L, men ak pouvwa Lespri Bondye a, Li leve vivan ankò.

Ak pouvwa menm Lespri a, Li te al preche nanm ki te nan prizon yo.

Se nanm moun ki nan tan lontan te derefize kwè nan Bondye. Se te sou tan Noye. Lè sa a, Bondye t ap tann ak pasyans pandan Noye t ap fè gwo batiman an. Nan batiman sa a, se kèk moun sèlman, uit moun antou, ki te sove nan dlo a.

Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan, k ap delivre nou kounye a (pa pou ap wete salte lachè, men pou reponn ak yon bòn konsyans anvè Bondye,) granmesi resirèksyon Jezikri:

Ki monte nan syèl la, ki chita sou bò dwat Bondye kote L ap domine sou tout zanj yo, sou tout chèf yo ak sou tout otorite yo.

Annou priye ankò.

32 Kounye a, Papa nou nan Syèl la, ala yon—yon chenn Ekriti la, twa temwen, twa plas nan Ekriti a k ap bay temwayaj. E Ou di nan Pawòl Ou, ke, “Nan bouch de ou twa temwen, kite pawòl la tabli.” Kounye a nou priye W, O Bondye, ke W vin kot moun yo pou W entèprete Pawòl sa, Mesaj sa, nan limyè sa dwe ye, konsa tout òm, tout fanm, ti gason, oswa tifi, ka konprann selon kapasite Ou te òdone pou yo konprann,

epi pran konsyans ke twa temwen sa yo pote temwayaj sou Verite a.

33 Mwen priye ke W ap voye Sentepri a sou nou kounye a. E n ap tann Li Ki se Wa pa nou an, nan mitan nou maten an, Seyè Jezikri; kote nou te monte kounye a pa lafwa, pou chita nan lye Selès sa yo nan Li. N ap tann Mesaj Li a. Pwononse l' atravè nou, Seyè, fè tandè l' atravè nou, pandan n ap mande W pou sikonsi bouch k ap pale a ak zòrèy k ap tandè, konsa sa ka fèt pou onè ak glwa Sila Ki se Ekriti a. Paske nou mande l' lan Non Li. Amèn.

34 Bon, sonje sèvis aswè a, yon sèvis gerizon. Mwen pa kwè sa ap nesesè pou bay kat pou lapriyè, konsa n ap jis priye pou malad. Mwen gen yon bagay mwen vle di nou, e mwen—mwen espere ke sa pral jis mennen kongregasyon an a on nivo kote va jis gen tout sòt de gerizon. Mwen konnen sa va fèt si n ap jis kwè l' fason sa.

35 Kounye a konsènan sa a, nanm kounye a ki nan prizon, nanm ki nan prizon kounye a menm!

36 Bon, nanm lòm se pa kò lòm, se nanm lan. Ou wè? E nanm lan se yon bagay ki se—ki se nati espri a. Alò kan nati yon nonm...Kan I di, “Nou mouri,” Ekriti a di nou aklè ke, “nou mouri, e vi nou kache nan Bondye atravè Kris, sele la pa Sentespri a.” Kounye a, se pa ke fizikman ou mouri; se pa ke lespri w mouri. Se nati espri w ki mouri; ou wè, nati a, ki se nanm lan. Nati nanm ou se—se Bondye, si ou ne de nouvo. Si se pa sa, se lemond. Tout bagay ki te kòmanse dwe gen yon fen, kidonk sèl fason ou ka gen Lavi Etènèl se pou w gen yon Vi ki pa t janm kòmanse. E vi w te kòmanse lè w te pran nesans, lè Bondye te soufle souf lavi nan twou nen w pou w te vin yon nanm vivan, lè sa ou te kòmanse. Men kan ou...

37 Nati sa ki te nan ou a, ou te fè pati de mond lan pa nati, etranje ak Bondye, an reyelite ou te yon animal. Se

egzakteman vre. Tout moun konnen ke nou fè pati de mamifè yo. Konbyen moun ki konn sa? Nou menm, nou fè pati de mamifè yo, nou se animal ak san-cho, men se sa nou ye apati de kreyasyon terès nou. Men, ou wè, sa ki rann nou diferan de lòt mamifè yo, se paske—paske Bondye te mete lan nou yon nanm. Ou wè? Bon, lòt mamifè yo pa oblije met rad. Ankenn lòt animal pa oblije pote rad pou kache wont yo, eksepte nou. Nou se sèl sila yo ki fè sa, poutèt nou gen yon nanm. Men, ou wè, Bondye, nan kòmansman, te konnen, te konnen a kisa lòm t ap sanble. Li te kreye tè a, e Li te mennen tout sòt de bèt, depi sa k pi ba a sa k pi wo a; e animal ki te okipe ran pi wo a, se te lòm.

38 E apre sa, an premye, lòm te fèt, li te yon nonm espri, dapre imaj Bondye.

39 Ki vle di, “Bondye se yon Espri,” Sen Jan 4. Kounye a, “Li se yon—yon Espri. E sa k ap adore L yo, adore L

an Espri e an Verite. E Pawòl Ou se Laverite.” Bon, nou adore L an Espri e an Verite. Li se yon—yon Èt Espri.

40 Lè sa pa t gen pèsonn pou kiltive sòl la, alò Bondye te fòme lòm apati de pousyè tè a.

41 Lè sa Li te pran soti bò kòt li, yon sou-pwodui, yon zo kòt; apati de sa, Li te separe nonm sa ki te gen yon nati double, ki te alafwa feminen ak maskilen. Li te fè soti pati feminen an, paske se te lanmou, e Li te mete l nan yon moun ki te rele Èv, ke Adan te rele Èv, ki te madanm li. Se la ou jwenn lanmou li, lanmou natirèl, lanmou phileo, ke madanm li posede. Se fason sa yon nonm ta dwe ye jodi a, epi menm bagay la pou manzè parapò a mari l. Lòm, pati maskilen an; fanm lan, pati feminen an.

42 E apre sa, ou wè, apre Li te fin fè lòm dapre Pwòp imaj Li, “Li te kreye yo, mal e femèl,” pa t gen pèsonn pou kiltive sòl la. Li te mete l nan pousyè tè a, poutèt sa li te vin...li te nonm sa. Lòm imen sa te fè pati de

mamifè yo, ou wè, li te fè pati de rèy animal la; men Li te plase espri Bondye sa, yon vi, nan li, e Li te fè l sou baz ke li te ka fè yon chwa. E alò kan nonm sa...

43 Kounye a nou panse nou se yon bagay. Jis sonje, kisa nou ye? Yon ponyen pousyè. Se tou. “E poutèt ou se pousyè, w ap retounen nan pousyè.” Kifè lè w wè nonm sa ap mache nan lari a, ap panse li se kichòy, ou konnen, ak on ti enstriksyon ak bagay konsa, sonje, se yon ponyen pousyè Indiana. Se tou. Epi fanm sa abiye ak bout pantalon, ap fimen sigarèt pou ap pwonmennen nan lari a, ap tòdye tankou l te posede tout peyi a, se yon ponyen pousyè Indiana, e se sa l ap tounen. Kifè ou pa gran choz pou kòmanse, ou wè. Kifè sa, se vre, se sa ou ye.

44 Men, nanm sa ki anndan la, ou wè, nanm sa se sou li Bondye ap travay, ou wè. Si sèlman Li te ka met men sou nati sa, espri sa, pou fè l dakò avèk Li, alò nati sa t ap mouri. Ou wè? Paske, “Si w renmen lemond, oswa

bagay ki nan mond lan, lanmou Bondye pa nan ou.” Ou wè? E yon nonm dwe ne de nouvo. Kifè, nati sa dwe mouri, e nati Bondye a va vin viv nan ou. E Bondye se sèl bagay ki genyen ki pa t janm kòmanse ou ki pap janm gen fen.

45 Kidonk, poutèt sa, Li te vin yon patnè, ou wè, pou L te pran nonm sa, nonm terès la, ak Espri Etènèl sa, pou mete yo ansanm. Paske, Bondye t ap reflekte Tèt Li nan sa, pou L te vin yon Nonm lè Li te vin Kris Jezi, Li te Bondye, ou wè. Bondye te nan Kris; konsa, ou wè, Li te viv nan Li, pou t ap rekonsilye mond lan a Li menm. E, atravè Nonm pafè sa, nou chak ki pa pafè ki kwè nan Bondye e ki te aksepte Sa, te vin pèfeksyon pa L.

46 Li pa t janm kite kò Li wè kòripsyon, non plis Li pa t kite nanm Li nan lanfè, men Li te resisite L twazyèm jou a, e Li vivan pou tout tan. E nou va gen yon kò tankou Pwòp kò gloriye Li.

47 Se poutèt sa nou batize lan Non Li, pou nou ka vini lan Non Li, nan lanmò L, nan rezirèksyon L, pou nou ka resisite ankò, pou ap temwaye bay mond lan ke nou gen yon Vi nouvo, ke vyèy òm lan mouri. Nou te antere premye nati sa. Ou wè? Premye nati sa pati, e kounye a nou gen nati Li. L ap viv lan nou, e nou pap fè pwòp volonte nou. N ap fè volonte Li. Nou pa panse pwòp panse nou. Sèvo a, sèvo a se li ki panse. Panse ki te nan Kris Jezi a nan chak kwayan. Ou wè, men—men nanm lan, e se de sa n ap pale. Bon, se pati ke m ap panse a li kounye a, ke sa anndan nou, nanm lan.

48 Bon, si nou remake, nan sa, gen anpil bagay ki rive pafwa, e nou mande nou poukisa yo rive, epi nou poze tèt nou kesyon, e nou kesyone lòt moun. Men finalman, apre on sèten tan, nou jwenn ke, si nou se Kreyen, tou sa jis fonksyone byen, kanmenm. Nou konn wè sa. Tout Kreyen wè sa. Nou konn mande poukisa nou te fè sa.

49 Pafwa mwen konn mande, lè m te li Bib la premye fwa, “Poukisa Bondye te kite Abraham, grantòm sa, kanpe la pou di ke Sara pa t madanm li?” E kouman sa Li te kite l kanpe la ap bay manti konsènan sa, ak bagay li te fè yo, e apre sa kouman sa Li te pèmèt Abraham kite tè pwomiz lan alòske Li te di l piga l kite. Nenpòt Jwif ki kite latè pwomiz retwograde, paske bondye te ba yo sa e Li te pwomèt yo pou yo rete la, ou wè, e yo te kite l. Kidonk li te desann al Gera. Men si se pa t sa...

50 E lè sa Abimelèk, wa sa anba la nan peyi Filisten yo, te tonbe damou pou Sara e li ta pral marye avè l, e li te yon nonm de byen, yon nonm ki jis. Apre pwobableman li...Sa sonnen ridikil, men se pou rann li tèlman reyèl pou ou. Apre li te fin pran ben aswè li epi mete pijama li, e ke l te fin fè priyè li pou al dòmi, Seyè a te parèt devan l pou di, “Ou jis bon pou w on kadav,” e nonm lan pa t fè anyen. Ou wè? Yo te sedui l nèt ale, yo toulède Abraham ak Sara. Se vre. Li te di, “Ou pran madanm

yon lòt nonm, ou wè. Mwen—Mwen pap tande priyè w, pe enpòt konbyen w ap priye. Ou osi bon ke yon kadav. Nonm lan se pwofèt Mwen.” Ou wè?

51 Ou wè, se difisil pou konprann sa, ou wè. Men si se pa t sa, nou pa t ap konnen sa lagras te ye.

52 Poukisa li t al marye avèk Aga, apre li te fin gen yon madanm cheri tankou Sara? E li pa t vle fè sa, ou wè, men Sara te pouse l. Alò Seyè a te di l, “Tande sa Sara te di w la.” Poukisa? Te dwe gen yon Izmayèl, “pou ke fanm esklav la ak pitit li a pa t ap eritye avèk fanm lib la ak pitit pa l la.” Ou wè sa m vle di a?

53 Tout bagay sa yo se dè tip. Poukisa pwofèt sa te dwe marye yon pwostitiye epi gen...ak timoun sa yo, te gen de timoun avè l? Antan ke siy. Poukisa youn te lonje sou bò dwat pandan twasan karant jou, e apre sa lonje tan de jou sou lòt bò a konsa? Antan ke siy. Youn te dezabiye l pou ap mache devan Izrayèl. Epi, la, tout

bagay sa yo, se te dè tip ak onb, ou wè; e nou oblije gen bagay sa yo, pou konplete pòtrè a.

54 E, byen dè fwa, bagay rive nou ki fè nou ap mande nou poukisa se konsa. Se Bondye k ap montre nou davans yon bagay.

55 Bon, pandan m te yon ti bout gason, nou konn istwa vi mwen, mwen—mwen te toujou kwè, osi lwen m ka raple m dabò...Youn nan premye bagay ke m sonje...Bon sa, kounye a, ou ka petèt te di m yon bagay yè, epi m ka bliye l jodi a. Men gen de bagay, lwen, ki te rive nan jenn aj ou, anpil lan nou konsa, ke nou toujou sonje. E sa sonnen prèske ridikil pou di sa, men mwen sonje lè m t ap rale, ak yon ti wòb long sou mwen, ti bebe zwit, bon kèk lan nou moun laj mwen ka sonje sa, ti bebe te abitye pote vrè ti wòb long. E mwen sonje m k ap rale, epi ap retire nèj sou pye tonton m pou manje l, lè l te konn antre epi te konn kanpe toupre fwaye dife a.

56 Apre sa pwochen bagay ke m sonje ki te rive nan vi m, se te yon vizyon, premye ke m te janm genyen, e Li te di m ke m ta pral viv yon grann peryòd nan vi m toupre yon vil yo rele New Albany. Mwen te yon ti bebe nan mòn anwo a la, pa t menm te gen doktè lè m te fèt. Epi—epi mwen—mwen...Ou konnen, yo...Mwen te viv la anviwon senkant lane, jis la; yon vizyon.

57 Apre sa se jan mwen te toujou konnen te gen yon Bondye kèkpa, e pandan m te yon ti gason Li te pale avè m, “pa janm fimen, oswa bwè, oswa souye kò m.” sa vle di ap kouri yon fason imoral ak fanm ak bagay konsa. Mwen te toujou gen laperèz pou sa, e mwen te yon jennòm.

58 Apre sa mwen te deyò ap fè lachas yon fwa, sa ki sanble yon dezyèm nati pou mwen, pou renmen fè lachas. Mwen te deyò ap chase avèk yon ti gason, Jim Poole, yon ti bonòm de byen. Mwen kwè ke pitit gason lan vin legliz isi a, ti Jim, moun fanmi de byen. Mwen

konn famiy Poole la. Jimmy avè m te konn dòmi ak viv ansanm depi nou te jenn ti gason lekòl. Nou gen apeprè sis mwa diferans, nan laj. Jimmy te kite fizi l la chape, e bal la te pran m nan toude janm mwen, li te vrèman pwòch mwen, ak yon fizi. Yo te mennen m lopital, epi, la, lonje la ap mouri, ankenn penisilin oswa anyen jou sa yo. Bon, yo te mete yon pwoteksyon an kawotchou anba m, e m konnen jou swa sa...Yo ta pral opere m pwochen maten an.

59 Yo te jis pran blesi a pou netwaye l, e gwo mòso chè te vole, yo te itilize sizo pou koupe l, mwen te oblije kenbe men yon nonm. Yo te gen Frankie Eich, li jis komèt swisid sa pa fè lontan, yo te oblije kenbe, detache menm pou retire yo nan pwayè l lè—lè yo t ap pase atravè sa. Mwen te rele epi kriye fò, epi agripe m konsa, e yo menm t ap koupe pati janm ki te detache a. Mwen te gen katòzan, jis yon jenn gason.

60 Jou swa sa m te eseye al dòmi, e yo...mwen te reveye, yon bagay te tonbe atè gaye. Epi men san, prèske yon demi galon, mwen kwè, te soti nan venn sa yo. Yo te gen...yo te pran yon reyon-x, e yo te di ke bal la te sitèlman pwòch venn sa, sou toude kote yo, ke jis yon ti grate taka koupe l an de, e mwen t ap kòmanse senyen. M te panse “Ebyen,” “se fen mwen.” Mwen te bese men m *konsa* epi m te leve l, e san t ap koule desann nan men m, se te nan pwòp san m mwen te lonje. Mwen te rele, sonnen klòch la. Enfimyè a te vini, li te jis ramase l ak sèvyèt paske yo pa t ka fè anyen.

61 E maten swivan an, anba kondisyon feblès sa yo, nan tan sa yo pa t konn gen transfizyon san, ou konnen, kifè yo—yo te opere m. E yo te ban m etè. Kan mwen...Ansyen etè a, mwen kwè w sonje, se te anestezi lontan. E anba etè sa, kan m te revni, mwen te soti nan etè a apre uitèdtan. Yo te oblije ban m yon

kantite, yo te panse m pa t ap ka...m pa t ap ka reveye.
Yo pa t ka fè m reveye.

62 Mwen sonje Madam Roeder te kanpe bò kote m, laba nan lopital la. M pap janm bliye dam sa. Pe enpòt sa k rive, m pap janm bliye l. Lè sa li te jis yon jenn dam. Mari l te sirentandan anba la kote yo fè vagon yo. E mwen—mwen sonje li te kanpe bò kote m, Li menm ak madam Stewart. An reyalyite se yo ki te peye fakti lopital mwen an. Mwen...Nou pa t menm gen manje, nan kay la, kifè kouman nou t ap ka fè peye yon fakti lopita, dè santèn de dola? Men li menm, atravè sosyete legliz li ak Ku Klux Klan, Fran Mason, te peye fakti lopital la pou mwen. M pa ka janm bliye yo. Ou wè? Pe enpòt sa yo fè, ou kwakseswa, m ap toujou...gen yon bagay, e sa rete avèk mwen, ou wè, sa yo te fè pou mwen an. Yo te peye fakti a bay Doktè Reeder. Li toujou vivan, ap viv isit la nan Port Fulton, li ka rakonte w istwa a.

63 Kan m te soti anba etè sa, gen yon bagay ki te rive m la. Mwen te toujou pran sa pou yon vizyon. Paske, mwen te sitèlman fèb, epi mwen...Yo te panse m t ap mouri. Manzè t ap kriye. Lè m te louvri jye m, m te ka gade, m te ka tande l ap pale, e apre sa m te retonbe nan somèy, e m te reveye, de ou twa fwa. Alò m te fè yon vizyon lè sa. E la mwen te gen...

64 Apeprè sèt mwa pita, m te oblije ale pou fè retire poud bal fizi ak bout rèz rad sal lachas soti nan janm mwen; doktè a pa t ka retire l. Konsa san m te anpwazonnen, toude janm yo te anfle epi repliye anba m, e yo te vle koupe toude janm yo jouk anwo bò tay mwen. Epi mwen jis...mwen te di, "Non, jis monte pi wo pou koupe l anwo *isit* la." Mwen jis pa t ka sipòte sa, ou wè. Kidonk finalman, Doktè Reeder ak Doktè Pirtle, ki sot Louisville, te fè operasyon an, e yo te koupe anba la pou yo te retire bagay la; e jodi a mwen gen dè janm mèveye, ak gras Bondye.

Men anba dènnye vizyon an—an ke m te fè a...

65 Premye vizyon an, kan m te revni, epi la m te pati nan yon trans. M panse m t al nan lanfè, jis osi klè...

66 [Yon frè nan kongregasyon an di, “Èkskize m, mesye.”—Editè a.] En-en. [“Gen yon dam laba ki dekonpoze, drèt la.”] Dakò, on moun mete men sou li, e li...pwobableman mennen l pran lè. Bon kèlkeswa moun ki kanpe la, poze men w sou li.

Annou priye.

67 Chè Seyè Jezi, ke sè nou ki malad maten an, e li pèdi konesans nan pyès la, ke gras ak fòs ak pwisans Ou...gen men ki poze sou li kounye a, an reprezantasyon de Ou menm. E Lèzekriti di, “Siy sa yo ap swiv sa yo ki kwè. Si yo poze men yo sou malad, yo va geri.” E kounye a ke sè nou soti nan maladi sa, ke l geri pou glwa Bondye. Lan Non Jezikri nou mande l, e nou remèt li ba Ou. Amèn.

68 Bon mennen l pran lè. Li fè—li fè tèribleman cho pou sifoke. Mwen ka santi l isit la, vrèman, vrèman movè. Se jis yon sansasyon dekonpozisyon, isi a sou estrad la. Mwen te santi l, kat ou senk fwa isi a. Si gen...osito li kòmanse santi l on tijan mye, enben, mennen l kote li ka pran lè. Se bon. En-en. Ou wè, li jis fè yon chalè tèrib pou sifoke, ou konnen. Èt imen jenere, nou chak, sitèlman espas pye kare jis ak maladi. Si w gen, si on moun gen dlo la, oswa yon bagay konsa pou mete sou sè a. Li—li dwe, kòrèk kounye a. Ou wè? Dakò. [Yon frè nan kongregasyon an di, “Annou kanmenm louvri pòt yo, Frè Branham.”—Editè a.] Ya, petèt si nou te ka louvri pòt yo, petèt, oswa jis bay on tikras lè, otan ke nou kapab, yon fason, ou wè.

69 Kounyeya nan epòk sa a, alò ke m te gen vizyon sa a, epi m t ap panse ke m—mwen te pase de vi sa a a touman.

70 Epi sèt mwa apre, la a nan lopital Clark County Memorial, mwen te fè dezyèm operasyon an. E nan moman sa a, lè mwen soti, mwen te panse ke m te kanpe lòt bò nan Lwès la. Epi m te gen yon lòt vizyon. E te gen yon gwo kwa annò nan syèl la, epi laglwa Senyè a t ap reyonnen sou kwa sa a. Epi m te kanpe ak men m yo soti konsa, epi Glwa sa a t ap tonbe sou lestomak mwen. Epi mwen... vizyon an te kite m. Papa m te chita la ap gade m, lè vizyon an te vini.

71 Mwen te toujou santi, noumenm... Tout moun ki te konnen m pandan tout ane sa yo, ki konnen ke m te toujou vle al nan Lwès. Ou konnen kijan sa ye. Te toujou gen yon bagay nan Lwès la. Men, paske yon astwològ te di m yon fwa, menm bagay la, ke m ta dwe ale nan lwès... Zetwal yo, lè yo kwaze trajektwa youn lòt ak tout bagay sa yo, mwen te fèt anba siy sa a, epi mwen pa ta janm reyisi nan Lès la; Mwen ta dwe ale nan Lwès. Ebyen lane dènye, mwen te met deyò, al nan Lwès, pou

akonpli dezi ke m te genyen pandan tout lavi m nan, ou wè, pou—pou m fè sa.

72 Poukisa m te al la ba a? Se bagay ki pi ridikil. Al ret nan dezè a la a, peye san dis dola pa mwa, pou lwaye, epi men yon kay ki ret isit la, yon presbitè, meble pou mwen, ou wè. Men se swiv Senyè a, ou wè, sa—se tout sa m konnen pou m fè. Epi nou konn vizyon yo ak sa k te pase la ba a. Koulye a—kounye a nan sa mwen vle di...

73 Kounye a si sè nou an santi l yon ti kras fèb, Frè Roy, epi li ta...vle fè l soti yon kote epi mete l nan yon chanm pa isit la, kote l jwenn plis lè oswa kèk bagay, e sa a pafètman kòrèk, paske, m santi ke l pral byen kounye a, ou wè. Se kòrèk. Li jis pèdi konesans, li malad. E konsa, mwen—m di w, si l...si w vle mennen l bò isit la kote lè a...leve fenèt sa yo, Frè Roy, epi si sè a vle pase bò la a, sa—sa ap byen. Ou wè, si l vle—vin pa isit la, ebyen, jis pa pè anyen.

74 Mwen vle enpoze lè men lè l ap pase la a. Nou tout eskize m jis yon minit. Epi Bondye padonnen m pou...Se sa, se vre, frè.

75 Papa nou ki nan Syèl la, men pitit fi W la ki chita isit la maten an, epi li te vin tandè Mesaj la, epi li te resevwa... Satan ap eseye konbat li, men l pa kab fè sa. Li pa ka fè l. Bondye Beni w, sè, nan Non Jezikri. Trè byen. Bon, pòt sa a, mwen panse si kèk ...?... frè m yo, konsa lè a kapab pase de la a, a noumenm.

76 Oh, w ap pale de konjesyone, ou ta dwe al nan kèk kote sa yo lòt bò dlo kote yo jis anpile youn sou lòt, ak lalèp ak kansè. Epi, oh, lala, ou kab gen lapenn pou jwenn souf ou, ou konnen, nan bagay sa yo. Yo lonje nan yo gwo bilding, jis kontamine ak-ak maladi sa yo. Epi ou konnen ki sa lalèp la ye. La a, yo lonje la a san zòrèy, ak mwatye figi yo ki manje, epi san bra, ak yon ti pikèt pou pye, ak bagay konsa, lonje la a, anpile youn sou lòt. Epi anpil nan yo t ap mouri la menm lè sa a, yo

te lonje la a, yo te anpile youn sou lòt, yo t ap eseye antre pa kèk kote, nou konnen, pou yo tande Mesaj la.

77 Epi kounyeya—kounye a pou tounen sou sa, mwen pral di nou sa k te pase. Nan vizyon mwen te fè a, m pral tounen sou sa,' paske m te pale de sa, de vizyon sa yo, pou montre w yon bagay osijè de youn nan yo. Mwen te dwe al nan Lwès. Mwen te toujou anvi fè sa.

78 Epi kounye a, objektif Mesaj la maten an se pou afiche legliz la, nan tout sa ke Limenm ap kite m afiche legliz la, jan ke m konnen, jiskaske... pandan ke m ap kontinye avanse. E sa te frape m, kidonk mwen te vle afiche legliz la. Koulye a, sa a se pou tabènak sa a sèlman, ou wè, pou isit la. Kounye a, e nan vizyon sa a, premye a, men sa k te pase.

79 Apre vizyon an te frape m, e m te tèlman fèb, e m te pèdi tout san sa a, epi m te ale...Mwen te panse m t ap plonje nan yon Etènite san limit. Anpil nan nou te tande

m di sa deja, epi—epi m t ap plonje nan yon Etènite san limit. Premyèman, mwen t ap travèse nyaj yo, epi ap pase atravè fènwa, epi m t ap koule desann, desann, desann. Epi premye bagay ou konnen, mwen te antre nan rejyon moun pèdi yo, epi la a mwen—mwen te rele anmwe. Apre sa m te gade, e la a, jis tout bagay, pa t gen okenn fondasyon. M pa t janm ka sispann tonbe. Ta Sanble ke, mwen ta pral tonbe, pou letènite. Pa t gen okenn arè estòp, okenn kote.

80 Epi, kouman sa te diferan ak vizyon ke m te gen isit la, sa pa gen lontan, ke m te nan Laglwa ak pèp la, se te lekotrè! Men, nan sa a, pandan m t ap tonbe, mwen alafen, mwen—mwen te rele mande pou papa m. Natirèlman, m te jis yon ti jenn gason, se sa m te fè. Mwen te rele mande pou papa m, e papa m pa t la. Apre sa, mwen rele mande pou manman m ', "Yon moun te kenbe m'!" Pa te gen manman la a. M te kontinye ap

tonbe. Apre sa, mwen rele Bondye byen fò. Pa t gen Bondye la a. Pa t gen anyen la a.

81 Epi apre yon ti moman, mwen te tande son ki pi efreyan ke m te janm tande a, e se te sansasyon ki te pi terib. Pa gen okenn fason... Menm yon dife k ap boule literal ta dwe yon plezi a kote sa sa a te ye. Koulye a, vizyon sa yo pa t janm fo. Epi se te jis youn nan sansasyon ki pi terib ke m te janm te genyen, e kisa k te fè...

82 Mwen tande yon bri, ki te sonnen tankou yon—yon—yon bagay ante. Epi lè l te fèt, m te gade, ap apwoche, epi se te fanm. Epi yo te gen dè bagay vèt, jis m pa t jis kab wè figi yo, epi yo te gen bagay vèt anba je yo. Epi je yo sanble ke yo te alonje, tankou medam jodi a ka p pentire je yo, ki tire dèyè konsa, epi jis je yo ak figi yo. Epi yo t ap fè: "Ooh, ooh, ooh, ooh!" Oh, lala!

83 Mwen jis rele anmwe, "O Bondye, gen pitye pou mwen. Gen pitye, O Bondye! Ki kote w ye? Si W sèlman kite m tounen vin viv, mwen pwomèt ou, m ap yon bon gason. Koulye a, se sèl bagay ke m te kab di. Ebyen, Bondye konnen, e nan Jou Jijman an, I ap jije m pou deklarasyon sa a. Se sa m te di: "Seyè Bondye, kite m tounen, epi m ap pwomèt Ou m ap yon bon gason."

84 Epi lè m te pran bal, m te fè manti, mwen te fè preske tout sa k te gen pou fèt, m te ka sèlman di yon bagay... Mwen ta jis fè mye netwaye tout bagay pandan menm ke m la a kounye a. Epi lè m te gade anba e m te wè m te koupe ande moso prèske, m te di, "Bondye, gen pitye pou mwen. Ou konnen ke m pa janm fè adiltè." Se sèl bagay mwen te kapab di Bondye. Mwen pa t janm aksepte padon li, ak tout bagay sa yo. Mwen jis di, m te kab di, "Mwen pa t janm fè adiltè."

85 Apre sa, yo mennen m deyò a la a. E lè sa, la a, mwen te rele, "Bondye, gen pitye pou mwen. M pral yon

bon gason, si W sèlman kite m 'tounen," paske m te konnen ke te gen yon Bondye yon kote. Konsa ede m ', kreyati lèd ki anviwonnen tout kote, mwen te jis yon nouvo veni. Epi sansasyon ki te pi efreyan, terib, mechan nan sa... te sanble ak gwo boul je, gwo sousi soti konsa, epi je yo te tankou je chat, te trase pa dèyè konsa; ak bagay vèt, tankou li te gen chank oswa yon bagay konsa. Epi yo te—yo t ap fè: "Ooh, ooh, ooh!" Oh, ki jan de sansasyon sa a! Kounye a lè mwen...

86 Answit nan yon moman, m te tounen nan lavi natirèl la ankò. Bagay sa a te deranje m. M te panse, "Oh, fè ke m pa janm jwenn mwen nan yon kote konsa ankò; okenn lòt èt imen pa janm dwe retwouve li nan yon kote konsa."

87 Sèt mwa apre, mwen te gen vizyon ke m te kanpe nan Lwès la, epi m te wè kwa annò sa a ki t ap desann sou mwen. Apre sa mwen—mwen te konnen ke te gen yon rejyon pou moun ki kondane a yon kote.

88 Kounye a, mwen pa t janm twò remake sa jiska anviwon kat semèn de sa. Madanm nan... M pa t janm panse de li nan fason sa a . Anviwon kat semèn de sa, madanm nan ak mwen te desann Tucson, pou fè kèk acha. Epi pandan ke nou te chita... Madanm nan, nou te antre anba eskalye a, epi—epi te gen yon pakèt ti gason ki gen pòz fi ki te krepe cheve yo, ou konnen, tankou medam yo fè, epi—ak danfans desann la a sou fwon yo, ak pantalon sa yo ki vrèman wo sou yo, jan ke, mwen kwè ke se beatniks, oswa nenpòt jan w rele yo a. Epi yo te anndan la a, epi tout moun t ap gade yo, e tèt yo te tèlman gwo, tankou fanm yo ki gen mòd koup cheve "tèt melon", ou konnen. Epi yo te anba la a.

89 Apre sa yon jèn fi te vin parèt, li te di: “Kisa w panse de sa?”

90 Mwen te di: “Enben, ou ta dwe wont tèt ou, si w ka panse sa.” Mwen te di: “Li jis gen menm dwa pou l fè sa menm jan avè w. Okenn nan nou pa gen dwa.”

91 Konsa, mwen monte anlè a, epi m te chita. E lè m 'te fè sa, te gen yon eskalye mekanik, li te nan magazen JC Penney a, e eskalye mekanik lan ta p mennen moun monte anwo. Ebyen, mwen te vrèman vin malad ak vant fè mal, lè ma p wè fanm sa yo ap monte la a; jèn, granmoun, ak endiferan, ride, jèn, e tout fason, ak ti bout pantalon sou yo; kò souye yo a, ak fanm ki abiye sexy sa yo, ak gwo boul tèt yo a konsa, epi men yo isit la a. Epi yo soti drèt nan eskalye sa a, jis ap vin dwat anwo a konsa, kote m te al chita sou yon chèz, la a ak tèt mwen bese.

92 Apre mwen te vire epi m te gade. Epi youn nan yo ki t ap monte mach yo t ap di yon lòt fanm: “Ooh,” ki t ap pale panyòl. Se te yon fanm blanch ki t ap pale ak fanm panyòl la. Epi lè m te gade, [Frè Branham klake dwèt li—Ed.] Toudenkou mwen te chanje. La, mwen te wè sa anvan. Je l yo, ou konnen ki jan medam yo ap fè kounye a, pentire je yo, jis dènyèman, tankou chat, ou konnen

pou mete l konsa, epi ap mete linèt chat ak tout bagay sa yo, ou konnen, ak je yo anlè konsa, epi bagay vèt sa a. anba je yo. Te gen bagay sa a ke mwen te wè lè m te yon timoun. Se te fanm sa yo jis egzakteman. Apre sa, mwen te jis vin angoudi nan tout kòm, epi m te kòmanse gade toupatou, e te gen moun sa yo k ap bougonnen, ou konnen, ap vire anwon ap fè pri ak bagay sa yo nan bilding nan. Epi m jis...

93 Sanble ke m te jis chanje pou yon ti moman. Epi m te gade, e m te panse, "Se sa ke m te wè nan lanfè a." Se la a ke l te ye, chank sa a. Mwen te panse paske yo te nan lanfè se sa k te fè yo konsa, yon koulè vèt-ble anba je yo. Epi men fanm ki pentire ak ble-vèt, jis jan l te ye nan vizyon sa a apeprè karant lane de sa.

94 Ou wè, sa gen anviwon karant lane, se sa l te ye. Mwen gen senkant-katran; Mwen te gen katòzan. Kidonk, anviwon karant lane de sa, mwen...Epi sa

a—la...Se nimewo jijman an, de tout fason, ou wè.
Kounye a te gen...

95 Mwen te wè sa e m pa t kab menm pale ak madanm mwen lè l te rive. Li te la a ap eseye jwenn yon bagay pou Sarah ak timoun yo, yon jan an de—yon rad oswa yon bagay pou lekòl, e mwen—mwen pa t 'kab menm... Mwen pa t' kab menm pale avè l. Li te di, "Bill, kisa w genyen?" Mwen te di, "Cheri, mwen tankou... mwen prèske yon nonm ki mouri." Apre sa, li te di, "Kisa pwoblèm lan ye? Èske ou malad?" Mwen te di, "Non. Gen yon bagay ki fèk rive."

96 Kounye a li pa konnen. L ap tann bann sa a retounen. Mwen pa janm di pèsonn sa. E m te panse ke m ta dwe tann, jan ke m te pwomèt li a, mennen l bay legliz la an premye. Ou wè? Mennen l bay legliz la. Se te pwomès mwen. Epi w pral reyalize, apre aswè a, rezon ki fè m eseye kenbe pwomès mwen an. Ou wè?

97 Lè sa a, mwen te panse, pandan m te remake yo te gen je chank sou medam yo. Te gen Panyòl yo, Fransè yo, ak Endyen yo, ak blan, ak tout ansanm, men gwo boul tèt sa yo, ou konnen, penyen l monte, ak peny sa a, fason yo penyen l al dèyè, byen epè , epi apre yo soti. Ou konnen, ou konnen ki jan yo fè l la, ranje li nan menm jan yo fè l la. Epi aprè, ak rega je chank sa a, e je yo ak penti a, yo trase l tankou je yon chat. Epi yo t ap pale, epi mwen te kanpe la a ankò nan magazen JC Penney a, m te retounen nan lanfè ankò.

98 Mwen—mwen—mwen te tèlman pè. Mwen te panse: “Senyè, asireman mwen pa t mouri, epi Ou te fèm kite kote sa a apre tou.”

99 Epi yo te la a, yo t ap fè... jis vire tounen konsa, tankou nan vizyon sa a ta, ou te apèn tandè l ak zòrèy ou, ou konnen. Jis bougonnen e ap kontinye, nan moun, epi fanm yo k ap monte èskalye mobil sa yo epi yo ap

mache nan anviwon an, epi , "Ooh, ooh!" ,Te gen koulè vèt sa yo, rega dwòl sa yo, ak lapenn.

100 Epi madanm mwen vin parèt. Epi m te di, "Jis kite m 'pou kont mwen yon minit, cheri." Mwen te di: "Si sa pa p deranje w, mwen—mwen—mwen vle al lakay." Epi l te di: "Eske w malad?"

101 M te di: "Non, jis kontinye, cheri, si w gen nenpòt bagay pou achte." Li di, "Non, mwen fini."

102 Apre sa, mwen di: "Kite m ba w le bra." Ou wè? Epi m te sot deyò a. Li te di, "Ki pwoblèm ou?" Mwen te di, "Meda, mwen—mwen—mwen...Yon bagay te pase anwo a la a."

103 Epi pandan ke m t ap viv sa, men sa m te panse: "Nan ki jou n ap viv la a? Èske sa ta ka Twazyèm Pull la?" Ebyen mwen te gen kèk nòt isit la.

104 Jezi. Nou jwenn ke, Jezi, nan ministè li, apre li te fin preche pèp la...Koulye a, nou pral vrèman eskriptirè sou

sa a. Apre ke Jezi te fini ministè Li a, e ke pèp la te rejte ministè li a. Koulye a, ou pral li ant liy yo, epi vin ak pwòp konsepsyon pa w la. Sonje sa m te di w an premye a. Apre L te fin preche...

105 Li vini tankou Sila ki te pwomèt pou jou sa a. Nou tout konn sa. Ekriti yo te idantifye Jezi Kris kòm Mesi a. Se vre. Li te antyèman, e klèman, konfime pa Bondye ak Pawòl Li a, ke L te Mesi a. Pa gen okenn kesyon sou sa. Si yon moun kesyone l, si w fè sa, ebyen ou ta dwe ale a lotèl, lè w di ke, "Li pa t Mesi a." Li te klèman idantifye kòm Mesi a. Men, apre ke L te klèman... Bondye te idantifye Li.

106 Jan Pyè te di nan Jou Pannkòt la, lè l t ap pale ak Sanedren an ki te la a, nan kat... anviwon kat jou apre. Li te di: "Jezi de Nazarèt, yon nonm Bondye te apwouve pami nou gras a siy ak mèvèy Bondye te fè nan mitan li, nou tout nou temwen. Ou wè? Nou te pran , men mechan nou yo, epi te krisifye Prens Lavi a ; ke Bondye

te resisite, epi Li fè konnen bagay ke w wè yo.” Ou wè?
Kris la ap viv. Natirèlman, Li toujou vivan jodi a.

107 Kounye a apre ke Jezi te klèman vini, Li te idantifye tèt Li, Bondye te idantifye L, e Li te pwofetize. Epi apre jou pwofesi Li yo, menmsi ekriti yo te idantifye I, pèp la te rejte L. Se vre. Epi li te preche apre ke yo te rejte L isit la, sila yo ki te gen yon posibilite pou yo te sove. Sonje byen, lè L t ap preche, te gen posiblite pou nenpòt moun nan te sove. Nou pa konn kiyès yo ye. Yo predestine. Men Li te toujou ap preche.

108 Men apre jou predikasyon Li yo, ministè L te kontinye, paske dènye gwoup ke L te preche a se te nanm ki te nan lanfè yo, ki pa t kab jwenn padon. Mwen te klèman li sa nan Bib la isit la, nan Dezyèm Pyè. Ou wè? Li te ale, e L te preche nanm ki te nan prizon yo, ki se lanfè, ki te fèmen jouk Jou Jijman an.

109 Paske, ou wè, Jijman an se pa kounye a, epi pa gen lanfè k ap boule kounye a. Yon moun ka di w, "Nonm lan ap boule nan lanfè kounye a," sa a se manti. Ou wè? Yon jij sou tè sa a se jis ase pou pa janm kondane yon moun jiskaske yo mennen l nan jijman. Epi Bondye p'ap janm voye yon moun nan founèz adant lan anvan ke lwa menm Bondye yo te kondane l an premye. Li te rejte mizerikòd, kidonk, ou wè, li dwe dabò gen yon jijman, epi jijman an se Jijman Gran Twòn Blan an. Men kounye a li nan yon kote ke yo rele yon prizon.

110 Kòm mwen te wè vizyon tou de kote yo, e pa gras Bondye...Mwen di sa pa pou m fè tò, epi, si se erè, ke Bondye padonnen m. Mwen kwè ke m te nan tou de kote, ou wè, nan tou de kote. Apre sa, mwen wè moun ki te delivre yo, ki te beni yo; epi mwen wè moun ki pèdi yo, ak ki kote yo te ye. E se poutèt sa mwen kanpe antan ke frè w jodi a, pou m avèti w pou w kouri kite chemen k ap desann sa a. Penga w janm fè wout sa a.

Epi w te gen tout bagay pou w viv pou, chemen beni anwo sa a, kote moun ki te rachte yo nan lajwa ak lapè, epi yo pa kab peche. Yo pa kab—yo pa ka gen regrèt. Yo pa kapab. La a, pa gen anyen; yo pafè. M te wè tou de kote yo! Mwen konnen sa se yon deklarasyon terib pou yon moun fè, men, se Bondye ki jij mwen, mwen kwè solanèlman ke m te wè tou de kote yo. Mwen—mwen kwè sa.

111 Epi, o, li pa kesyon pou ke yon moun janm antre nan rejyon moun ki pèdi yo! Si yo ta antre fil metal cho anndan w, ki t ap toumante nan tout fason posib, li pa ta tankou tuman dyab sa a ki nan kote sa a. Pa t 'kapab gen anyen ki ta ka... Espri imen pa t' kapab, lespri imen an pa t 'kapab konprann ki sa rejyon moun ki pèdi yo ye. Pa gen okenn fason pou yo eksplike l. Epi pa gen okenn fason non pli pou yo eksplike ki sa rejyon moun ki beni yo ye, li tèlman glworiye. Lòt la tèlman terib, epi Sa a se

konsa – li tèlman gwloriye, se soti nan ridikil pou al nan sa ki siblim la. Kidonk, si yon moun tande m...

112 Epi m fin tounen yon granmoun. M pa konn konbyen ke m rete ankò. Mwen pral byento gen senkant-senk lane. E mwen—mwen pa konnen, dapre lanati, mwen ka pa gen twòp ane ankò. Mwen pa konnen ki kote bann sa a prale. Men, se pou tout moun tande, isit la ak sou bann lan, oswa nenpòt kote I ka ale a. Pa janm ale nan direksyon rejyon pou moun ki pèdi yo. Ou pa ka imajine ke lanfè te orib nan eta sa a. E kèlkeswa sa w ap fè, pengan w janm ...bliye sa a, ke rejyon pou sila ki beni yo...Mwen ta di sa, menm jan ak Sen Pòl, "Sa ke Je pa wè, ke zòrèy pa tande, oswa swa ke I pa monte nan kè lèzòm, se sa ke Bondye rezève pou moun ki renmen I yo." Kidonk, kanpe la, si w ap koute bann lan, fèmen aparèy la, epi repanti si w pa sove, epi mete vi w annòd ak Bondye.

113 M ap di sa apati de yon eksperyans dirèk, tankou m kwè nan kè m. E mwen di, si sa yo, si vizyon sa yo twonpe m , ke Bondye gen pitye pou mwen pou ke m fè yon deklarasyon konsa. Men, avèk senserite nan kè mwen, mwen konnen ke pa youn nan vizyon sa yo pa janm echwe, mwen kwè ke mwen te nan tou de kote. Li pa kesyon pou nenpòt moun pran wout k ap desann sa a!

114 Kounyeya, apre ke L te fin ministè l, Jezi te preche nanm sa yo ki pa t kab sove yo, ki pa t janm kab sove yo. Kounye a Bib la di nou sa. "Li te al preche nanm ki te nan prizon yo, ki pa t repanti yo." Lè yo te ofri yo mizèrikòd, yo te meprize mizèrikòd la, e kounye a yo ap tann Jijman an. O, ala yon tan sa te dwe ye! O, M swete ke gen yon fason ke m ta ka souke mond lan ak sa a, pou pèmèt yo wè kisa reyalite a ye.

115 Epi Jezi, limenm, te di, "Menm Jan ke Papa a te voye m ', se konsa mwen voye nou." Epi kòm Papa a te

voye L preche moun ki vivan yo, moun ki te gen espwa yo, epi answit prezante menm Mesaj la a moun ki pa t gen espwa yo, sa sanble ke li apwopriye, nan moman sa a, ke sa dwe fèt, 'paske Lespri Kris la k ap viv nan nou pa chanje nati li, oswa li pa chanje sistèm Bondye a. Li dwe menm nan chak jenerasyon. Li dwe menm bagay la. Li te di: "Menm jan ke Papa a voye m, se konsa mwen voye nou."

116 Ministè yo dwe menm jan nan pwen ke Li te di...Mwen wè kèk nan nou k ap note Ekriti yo. Sen Jan 14:12, "Moun ki kwè nan mwen an, zèv ke mwen fè yo, li pral fè yo tou." Ou wè, "zèv yo", preche moun ki pèdi yo, geri moun ki malad yo, epi apre sa ki enposib pou yo janm sove yo. Ou wè? Travay la te kontinye menm jan an. Kidonk, sa a te fèt, (èske sa te fèt?) eske m ka mete l konsa, ministè Jezikri reyenkane nan Legliz li a nan dènye jou sa a. Se sa anpil nan nou kwè. Mwen kwè avèk ou. Mwen kwè sa. Si mwen pa t kwè sa, mwen ta

fè yon lòt bagay ak sa. Paske, apre tout, sa a se mwen menm ki konsène-...ki konsène isit la. Men si Lespri Bondye a nan ou, ou gen enkyetid pou pèp la.

117 Gen yon Ekriti ki te toujou twouble m, kouman Moyiz te kapab bay Bondye yon pi bon lide ke sa Bondye te genyen an, jiskaske mwen te dekouvri ke se te Lespri Kris la nan Moyiz. Ou wè?

118 Bondye di, "Moyiz, separe w de yomenm. Mwen pral detwi tout bagay, epi mwen pral kòmanse avèk ou."

119 Li di: Seyè! Li lage tèt li nan pasaj la a, li di: "Pran mwen. Efase non mwen." Pou moun sa yo ki te revòlte a, kè li te gen konpasyon pou yo. Ou wè?

120 Epi lè yon pastè ki pote moun yo sou kè l...Ki jan m ta ka santi m jistifye pou mwen menm...devan Bondye, e pou mwen menm, pou m kache kwakseswa a moun ke m renmen plis pase m renmen tèt mwen. Ki jan yon nonm ta ka mennen yon moun nan legliz la ak bay lan

men, oswa pa aspèsyon, oswa ak yon fo batèm, oswa yon lòt bagay konsa, epi kite yo pliye anba enfliyans yon — yon manti lè nou konnen kisa k nan bib la la a, epi I di ke I renmen moun nan?

121 Menmsi mwen oblije mande lacharite pou m viv, kèlkeswa sa I ye, se pou m onèt ak Bondye ak pèp la, pou m di yo Verite a. Pou m pa janm kite m vin yon tronpè. Ki jan m ka twonpe moun ke mwen renmen? Menm lè m dwe fè yo mal, poutan mwen renmen yo. Se rezon sa a ou korije pitit ou a, se paske w renmen li. Se pa paske w pa renmen I; se paske w renmen I. Si I mal elve, yo pral touye I si w pa korije I.

122 Kidonk, se konsa ministè a te ye. Jan li te ye a, se konsa li ye jodi a. Pawòl Bondye a te preche I, e li te antyèman jistifye pa Pawòl Bondye a ke I pa t kapab lòm, li dwe Bondye. Se sa I dwe ye. Remake, menm siy espiyityèl Jezi te fè yo te rekòmanse sou tè a nan dènye jou yo. Menm siy espiyityèl ki te idantifye L kòm Mesi a,

ki te idantifye Li jodi a. Li toujou Mesi a! Menm siy materyèl yo te parèt sou tè a, ki te manifeste, sa L te ye a. Menm Kolòn dife ke Sen Pòl te wè a, Menm nan, tout sa ki te repwodwi ak menm nati a nan li, ap fè menm bagay la.

123 Jezi te deklare ke li pa fè anyen jiskaske Papa a te montre L li. Epi Papa a se Lespri Sen an, nou reyalize sa. Se jis yon fonksyon Bondye a. Si se pa sa, kilès nan yo de a ki Papa Jezikri? Jezi te di Bondye se Papa I, e Bib la te di Sentespri a se Papa I. Kounye a, ou pa ka fè I vin yon timoun ki ilejitim, kidonk Sentespri a se Bondye, se konsa ke Jezi te Bondye. Kidonk, Bondye, Pè, Fis, ak Sentespri se...Se...Se twa fonksyon yon sèl Bondye. Se twa atribi, menm Bondye a.

124 Ou se yon pati Bondye, epi mwen se yon pati Bondye, ou wè; men mwen pa tout Bondye a, ni nou tout pa Bondye a. Ou wè? Ou wè? Se atribi Bondye yo

sou nou, kòm pitit gason ke Jezikri te adopte a. Ki se, Bondye li menm ki fè L chè, pou L mouri pou nou.

125 Kounye a, Lespri Sen an te toujou montre l bagay ki gen pou vini yo, e li pa t janm fè erè. Se te toujou pafè. Eske se vre? Li pa t pran kredi pou Limenm. Li bay Bondye kredi a. Li te di: “Pitit Gason an pa kab fè anyen de Limenm, men sa L wè Papa a ap fè a.” Epi Papa a, Sentespri a, se te Papa l. Eske se vre? “Jozèf, pitit gason David la, pa pè pran Mari, madanm ou, paske ansent li a vin de Lespri Sen an,” ki te Papa l. Epi Sentespri a te montre Jezi bagay ki t ap vini yo, li te di l bagay ki te ye yo.

126 Epi li te Bondye-pwofèt la. Paske, Pawòl Senyè a sèlman vin a pwofèt la; ki montre ke Pawòl yo te vini, nan fòm minè, pwofèt yo te ekri sa Senyè a te di yo. Men, Limenm pa t ekri anyen, paske li te Pawòl la. Li te Pawòl la.

127 Remake, se menm Lespri Sen an ki t ap viv nan li a, “Ankò yon ti tan, e mond lan p ap wè m ankò; Men, oumenm pral wè m, paske M pral avèk nou, menm nan nou menm, jouk nan fen mond lan. M ap vin jwenn ou,” li di. “Mwen menm,” se te Papa ki te nan li a, “ki pral vin jwenn nou.” Epi li di: “Lè Sentespri a vin sou nou, l ap revele bagay mwen te anseye nou yo, e l ap montre nou bagay ki gen pou vini yo.” Men kote w ye kounye a.

128 Kounye a nou remake, ke fason ke Lespri Sen an te travay nan Legliz la nan epòk sa a, se konsa Lespri Sen an te fè egzakteman menm bagay sa yo jodi a; li te anonse pa Kolòn dife a, jis egzakteman tankou nan kòmansman an, menm bagay la. Lè Jan wè L te rive sou Jezi, li fè konnen sa bò larivyè Jouden an. E li te pwouve tout bagay, menm foto syantifik te pran. Li pat ka konteste. Li te syantifikman pwouve. Se te materyèl. Se pa t yon panse mitik. Se pa t sikoloji. Jan George J.

Lacy te di, “Je mekanik kamera a p ap pran sikoloji. Limyè a frape lantiy la.”

129 E ou menm, legliz la, sa gen anviwon sis oswa uit mwa isit la, epi w te kanpe la a, w ap di se: “ENSI DI SENYÈ A, m pral Tucson, Arizona. Pral gen yon eksplozyon, e sèt zanj pral parèt.” Ou sonje? [Kongregasyon an di, “Amèn.” — Ed.] Pa menm... Bondye ran bagay yo reyèl jiskaske magazin look te pran foto L. Espirityèl, te predi, li te materyalize egzakteman menm jan an, sèt zanj yo, ki te mennen achèvmman tout Ekriti yo. Akoz ke, tout mistè ki nan tout Bib la nan sèt So yo. Nou konnen Sa se—Liv la, So Li, ak Sa ki te regle. Se mistè tout Liv la, ke yo jwenn nan Sèt So sa yo, ke Senyè a te pèmèt nou mennen.

130 Epi gen moun ki chita isit la jodi a, ki te la avèk mwen lè sa te rive a. Magazin Look te pwouve menm bagay la, ke li-li te reyèlman rive. Paske, se Bondye ki te di l. Se te Bondye ki te kanpe dèyè Pawòl Li a, pou l

akonpli L lè Li di ke L pral fè l. Kidonk, se pa yon nonm, yon moun chanèl tankou m, ki nan mitan nou. Se Bondye ki p'ap janm fini an.

131 Li sèvi ak moun. Se vre. Li pa fè anyen lòt ke sa l fè ak lèzòm. Nou reyalize sa. Limenm, sa a se li—se ajan Li. Se sa ke L te chwazi. Poukisa, mwen pa konnen. Li te kab, fè solèy la preche Levanjil la. Li te kab fè van an preche Levanjil la. Li te kapab fè van an fè bagay yo, men li te chwazi moun.

132 Se te lide Li, ke imen ta pale, atravè imen; pa limenm, men, “Pawòl Senyè a te rive a pwofèt yo,” pwofèt yo, predikatè yo. Epi yon pwofèt ki nye Pawòl orijinal la, ki jan li kab yon vrè pwofèt? Ou wè? Li pa kapab, paske li nye Verite Pawòl la. E alòs, si li pa sa, Lè sa a, Pawòl sa a, Li menm, jan L te preche pa verite nan Pawòl la ak verite Lespri Sen an, Li pral manifeste tout pwomès ke L te pwomèt la. Se konsa nou konnen si l kòrèk ou non. Se sa Jezi te di: “Si m pa fè sa ki ekri

sou mwen pou m fè a, pa kwè m.” Ou wè? Kounye a nou wè bagay sa yo.

133 Sonje, sèt So yo te fini, e lè sèt sa yo te revele verite yo...

134 Youn nan yo, li pa t ap pèmèt nou konnen. Noumenm... Konbyen moun ki te isit la nan Sèt So yo, epi ki te tande? [Kongregasyon an di: “Amèn.” — Ed.] Nou tout, mwen kwè. Gade,—Setyèm So a, Li pa t ap pèmèt li.

135 Li te kanpe la menm nan chanm nan e l te revele chak nan yo. E si jamè mwen te janm preche anyen nan lavi mwen, ki te enspire, se te sa. Epi li ta dwe vre, pou ou. M te kanpe isit la epi di w ke l pral rive, epi m te al la ba a, e menm lasyans ak tout lòt bagay yo, rechèch syantifik la ak tout bagay,—yon mistè pou moun yo, ki te pwouve ke l te rive la menm. Epi retounen imedyatman epi tande l ap dewoule, epi rann chak Pawòl

egzakteman veridik. Nan Ki jou ke nap viv la a? Ki kote nou ye?

136 Epi sonje, nan Sizyèm So sa a, kote, tout Sèt Twonpèt yo sonnen anba Sizyèm So sa a. Lè nou rive la, ou pral wè sa. Chak (sèt) twonpèt te fèt nan sizyèm So sa a.

137 Sèt la se toujou mistè a. Obsève sèt sa, sa se fen an. Se te vini Senyè a. Syèl la te frankil, an silans, pèsonn pa t deplase. Paske, Jezi Limenm te di, “Pa menm yon zanj nan syèl la konnen ki lè m ap retounen. Mwen pa menm konnen l, mwen menm, ki lè. Papa a mete sa nan lespri l.” Bondye sèl ki konnen l, Lespri a. Li te di: "Mwen pa t 'konnen li." Answit, li pa t revele. Lè setyèm twonpèt sa a te sonnen...oswa setyèm zanj la, yon—yon So te louvri, lè sa a te gen silans nan syèl la. Ou wè, li pa t devwale, sa k ta pral rive a.

138 Men anba Sizyèm So a, kote Twonpèt sa yo te louvri, sonje, anba la a, nou jwenn ke Ayo an te soti, te parèt sou sèn nan. Li te kite Twon mizerikòd la. Zèv redanmsyon li a te fini. Epi li te avanse, li pran Liv la nan men dwat Sila a ki te chita sou Twon lan, epi “ pa t gen tan ankò”. Epi imedyatman yon zanj te parèt nan setyèm chapit la, oswa nan 10yèm chapit la ak nan 7yèm vèsè a, li di... Zanj sa a desann e li fè sèman ke, "Pa t ret tan ankò."

139 Men, ou wè, nan Liv sa a se te sa k te rachte yo. Se te Liv Redanmsyon an. Epi tou sa l te rachte yo te ekri nan Liv sa a. Tout sa ke Li te mouri pou yo te ekri nan Liv la, epi li pa t kapab kite Syèj medyatè Li a jiskaske Li te fin rachte nèt. Epi li pa t kab rachte l sou kwa a, paske yo te predestine nan Liv Lavi Ayo an, e li te oblije rete la jouk entèsesyon dènnye moun sa a te fini. Glwa!

140 Men yon jou li leve soti la a, li te avanse? Ki kote Liv la te ye? Li te toujou nan men Pwopriyetè abstrè a,

Bondye Toupwisan an. Jan te gade toutotou, li te kriye, paske pa t' gen okenn moun ki te diy pou gade Liv la e, sitou, louvri So yo, pou l te revele sa k te kache a.

141 Mistè yo te nan sèt So yo. Lè sèt So sa yo te louvri, sa te louvri tout Bib la. Sèt So yo; Li te sele ak Sèt Mistè, epi Sèt So sa yo te kenbe mistè a annantye. Epi se te Liv Redanmsyon an, Nouvo Testaman an.

142 Se pa Ansyen an. Li te sèlman anonse pou Nouvo Testaman an. “Yo fèt... yo pa ka vin pafè san nou.” Ebre 11. Ou wè? Ou wè? Kounye a, redanmsyon an vini sèlman lè Redanmtè a te mouri. Epi yo te potansyèlman anba san Ayo yo, pa Redanmtè a; Li pa t rachte ankò, jiskaske Redanmtè a te vini.

143 Remake kounye a lè Redanmtè sa a... Jan te gade otou l, epi men Bondye ki chita sou twòn nan, ak Liv la nan men L, ki te sele avèk Sèt So, e plan redanmsyon an annantye te ladan l.

144 Epi Adan te lakòz ras imen an pèdi. Epi Bondye...Kote li te tounen? Satan pa t kapab pran Li; li jis lakòz li pèdi Li. Men kote Liv la te ale lè sa a? Li pa t pwopriyete ras imen an. Benediksyon yo pa t pou bò isit la; bò isit la ras imen an te pèdi Li. Kifè Li te ale dwat nan men Pwopriyetè orijinèl li a, ki te Bondye.

145 Isit la Li te chita avèk Li, e Li te rele yon moun, yon moun, pou vin reklame Li.

146 Jan te gade ozalantou, e pa t gen okenn moun nan Syèl la, okenn moun sou tè a, pèsonn, okenn zanj, anyen pa t kapab pran Liv la oswa demare So yo, oswa menm gade Li. Pat gen moun ki te diy. Jan di li te kriye avèk anpil lapèn.

147 Se alò yon Zanj te pwoche bò kote I, li di: “Pa kriye, Jan, paske Lyon tribi Jida a te genyen batay la, e Li diy.”

148 E Jan te voye je I gade epi li te wè yon ayo...oswa li te wè yon lyon, e kisa li te jwenn? Yon Ayo, e se te yon

Ayo benyen ak San, yon Ayo yo te imole. Depi konbyen tan? Depi fondasyon mond lan.

149 Ayo a te avanse, li te pwoche bò kote Sila a ki te gen Liv la nan men dwat Li, Li te resevwa Liv la; Li te moute sou Twòn lan epi Li te chita. Se sa. Se te fini (ki lè?) Lè So yo te revele. Lè dènye a, se te tout sa ke Li te rachte, pa t gen anyen ...

Li vini pou rachte.

150 Ou va di: "Poukisa Li pa t rachte yo sa gen karantan? De mil ane de sa?"

151 Ou wè, non yo nan Liv Lavi a, nan Liv sa a. E li te oblije kanpe isit la, paske se te objektif Bondye pou L rachte yo. Yo te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. Yo te mete Ayo a la avèk li, pou yo te imome l. Men Ayo ki vini, lè yo te imole L, Li te tounen pou fè entèsesyon.

152 Gade L! Pral gen anpil imitasyon, anpil nan tout lòt bagay, men te gen reyèlman yon moun ki t ap sove, paske Li...Legliz la te predestine pou l pa t gen ankenn tach ni rid. Li pral la. Epi Ayo a te mouri pou rezon sa a. E alò lè dènye non ki nan Liv la te rachte, Ayo a te avanse epi Li te pran Liv la: "Mwen se Sila ki fè li!"

153 Zanj yo, Cheriben yo, vennkat Ansyen yo, Èt vivan yo, tout bagay, te retire kouwòn yo, yo tonbe ajenou devan Twòn lan, epi yo di: "Ou diy!"

154 Jan te di: "Tout bagay ki nan Syèl la ak sou tè a te tandem t ap rele byen fò, 'Amèn,' t ap rele, 'Alelouja', epi fè lwanj pou Bondye." Kri a te monte. Poukisa? Non yo te nan Liv sa a, yo te dwe revele, e Ayo a te revele li.

155 Ayo a te rachte l, men Li pa t ka avanse jiskaske tout non yo te revele, e sa t ap pase anba Sizyèm So a, anvan Setyèm lan te brize. Lè sa a san tach la... Lè sa a Ayo a te vini pou sa Li te rachte. Li te vin reklame sa Li

te rachte. Li deja genyen l, drèt la nan Liv la, Li te pran
Li nan men L. Kounye a L ap vini pou L resevwa sa Li te
rachte. Se travay Li. Li fini. Li vin resevwa li. O, ala
yon—ala yon tan! Li te pwouve li, Setyèm So a te
pwouve li. Li retounen epi Li pran Liv Redanmsyon an!

156 Remake, se mesaj setyèm anj lan ki te dwe revele
setyèm lan, Sèt So yo. Apocalips 10:7, se la w ap jwenn
li. Ou wè?

157 “E li te wè Anj sa a desann, Li mete pye L sou tè a
ak sou lanmè a,” se te Kris, “Li te gen yon lakansyèl anlè
tèt Li.” Remake Li, w ap jwenn Li nan Apokalips1, ankò,
“ak lakansyèl la anlè tèt Li; Li te sanble tankou pyè jasp
ak sadwàn,” elatriye. Men Li ki vini la, Li mete yon
men... “Yon pye sou tè a, youn sou dlo a; Li leve men L.
Li te gen yon lakansyèl anlè tèt Li,” ankò. Sa se yon
alyans. Se Li ki te Anj Alyans lan, ki te Kris la; Li te fèt
yon ti kras pi ba pase zanj yo, pou L te souffri. Men Li ki
te vini, “Epi Li te leve men l anlè nan Syèl la, e Li te fè

sèman sou Sila a ki vivan pou tout tan an,” Sila a ki Etènèl la, Bondye Papa a, “p ap gen tan sa a ankò,” lè sa rive. Li pase. Li fin fèt. Se fini.

158 Epi answit Lekriti di: “E nan—nan Mesaj setyèm zanj ki sou latè a,” mesaje sou tè a, setyèm ak dènye Laj Legliz la, “nan kòmansman ministè li a,” lè li kòmanse sou tè a, nan moman sa a, “mistè Bondye a, Sèt So sa yo, ta dwe revele nan moman sa a”. Kounye a nou wè kote nou ye. Èske sa ta posib, zanmi, èske sa ta posib? Remake, tout sa posib.

159 Tout sa ki te rachte nan Liv la, Li te avanse pou redanmsyon yo. Tout sa ki te dwe rachte yo te nan Liv la, predestine anvan fondasyon mond lan. Li vini pou rachte Li. Tout sa li te rachte yo te ekri ladan l.

160 Mwen vle poze w yon kesyon kounye a. Epi nou menm moun k ap tande bann lan, koute byen. Je efreyan sa yo, tèt efreyan sa a, èske se poutèt sa Mesaj

sa a te tèlman kont fanm nan laj modèn lan? Èske sa ta ka Mesaj dènye anj sa a? Ki sa li te di laba a, bò rivyè a, anviwon tranntwa ane de sa? “Kòm yo te voye Jan,” ou wè, “pou anonse premye Vini Kris la, Mesaj ou a pral anonse dezyèm Vini an.” Atravè mond lan, e se sa li fè, alò Vini an dwe pwòch. Gade sa k ap pase kounye a.

161 Poukisa? Mwen grate tèt mwen. Mwen woule kò m sou zòrye m lan. Mwen mache atè a. "Ki pwoblem ou?"

162 Sa gen kèk jou, mwen te mande de mesye mwen t ap kondwi machin avèk yo. Mwen te mande Jack Moore yon fwa. E nou tout konnen frè Jack Moore. Mwen pral jwenn li nan Shreveport. Mwen te di : “Frè Jack, ou te youn nan zanmi ki pi pwòch mwen te genyen sou tè a.” Epi anvan mwen te mande l, mwen te mande madanm mwen.

163 Si gen yon moun ki konnen kwakeseswa sou mwen, defo mwen yo ak—ak tout bagay, se madanm mwen, ou

wè, yon moun janti. E mwen te di l yon jou, mwen te di: "Cheri, kòm mari w, mwen se yon minis Levanjil. Mwen pa vle fè okenn wont sou Moun mwen renmen an. Non. Mwen pa vle fè ou mal. Mwen pa vle pote okenn repwòch sou ou. Ke Bondye anpeche m pou m ta janm fè w anyen ki ta fè w mal. E konbyen plis yon bagay ki ta fè Bondye mal, pou jan mwen renmen L! Ou se madanm mwen; Li se Sovè m ak Bondye m. Mwen vle poze w yon kesyon. Ou pa bezwen mare pwen w. Di m laverite." Mwen di: "Èske mwen sitèlman etidye..."

164 Epi mwen te poze tèt mwen kesyon. Mwen se, mwen—mwen se yon moun ki gen yon tanperaman biza, etranj. Mwen konnen sa. Tout moun di: "Ki kalite moun sa!" Ebyen, ou wè, ou pa ka fè tèt ou. Ou se sa ou ye a, ak gras Bondye.

165 E mwen—mwen—mwen di: "Èske m pèdi tèt mwen jis yon ti kras, ou konnen, epi—epi tèt mwen yon jan

pati?" Mwen di: "Poukisa m ap kondane fanm sa yo, toutan, alòske mwen renmen yo?"

166 Yo rele, yo di mwen se yon moun ki "rayi fanm," mwen jis pa rayi... Mwen jis "rayi fanm". Ou wè? Se fo. Mwen renmen fanm yo, mwen vle di, kòm sè m.

167 Mwen p ap ba ou yon ti tap sou do, lè m wè ou nan erè. Mwen ka di ou sa. Mwen renmen w twòp pou sa. Yon nonm ki ta fè sa, se yon lòt kalite lanmou. Ou wè? Mwen renmen ou paske mwen renmen sa ou ye a; ou se yon konpay pou yon pitit gason Bondye, epi ou se yon pati nan li. Ou wè? Epi mwen—mwen renmen nou paske—ke nou te fèt nan limaj lòm, e lòm te fèt nan limaj Bondye, kifè donk, se poutèt sa, ansanm, nou fè yon sèl nan Kris. Se poutèt sa mwen renmen ou. Nenpòt, lòt bagay, pa gen enpòtans ladan l. Bondye konnen sa, tout lavi mwen. Ou wè? Se vre. Mwen renmen nou. Poukisa mwen ta kanpe epi pou m toujou ap...

168 Lè yo di: “Di tout medam yo, lè, si yo pral vin tande Frè Branham preche, penyen cheve yo yon lòt fason. Mete yon chapo oswa yon bagay oswa yon lòt, paske li pral kòmanse pale anpil sou cheve kout, epi ou ... Pa mete okenn makiyaj,"ak lòt bagay konsa. Men sa yo te fè. "Se de sa sèlman li te pale!"

169 Yon moun te di: “Poukisa ou pa...” Li di, “Moun yo kwè ou se yon pwofèt. Poukisa ou pa anseye medam yo kijan pou yo resevwa gwo don espirityèl, ak bagay konsa, olye w eseye anseye yo bagay konsa?”

170 Mwen di : “Si yo pa vle aprann ABC yo, ki jan yo pral konnen aljèb?” Ou wè? Mete nou an règ, an premye.

171 E plis mwen preche, plis sa vin pi mal. Lè sa a, ou di : "Poukisa ou pa sispann?" Non, mesye. Dwe gen yon vwa, yon temwen kont li.

172 Youn nan pi gwo moun ki nan ministè a jodi a, te poze men l sou mwen sa pa gen lontan, li di: "Mwen pral priye pou ou, Frè Branham, si w kite m fè sa, Bondye pral retire sa nan kè ou." Li di: "Kite medam yo trankil, ak bagay sa yo."

173 Mwen di, mwen di : "Èske w kwè nan sa, mesye? Ou se yon predikatè sentete."

174 Li di : "Sètènman. Mwen pa kwè sa, men," li di, "sa se—sa se zafè..."

Mwen di : "Non."

Li di : "Sa a se zafè pastè yo."

Mwen di: "Yo p ap fè l."

175 Yon moun dwe fè l. Dwe gen yon moun ki janbe lòt bò rivyè a . Dwe gen yon moun ki retire po a. Mwen pa vle fè l. Bondye konnen mwen pa vle fè l. Anpil nan fanm sa yo nourri pitit mwen yo, epi yo ta bay lavi yo pou

mwen, prèske. Nou panse, ak gras Bondye a ki te vèse nan mwen atravè Sentespri a, nou panse mwen te kapab rete trankil epi wè pòv moun sa a k al echwe nan Letènite san espwa, si mwen pa kriye kont sa?

176 Se pa pou m montre mwen pi entelijan ke lòt yo; men lespri nasyon sa a, lespri legliz la, pa Lespri Kris la, kounye a; lespri legliz la, denominasyon an, balanse fanm sa yo jete nan dezòd sa laba. E mwen se sèlman yon vwa, k ap kriye : "Soti nan bagay sa. Kouri soti nan salte sa a." Pa kite dyab la fè w yon bagay konsa. Se mal!

177 Epi nou menm, Asanble de Dye yo, ki kite medam yo, ki kite fanm yo koupe cheve yo, men nou entèdi yo mete makijaj. Pa gen vrèman yon Ekriti kont makijaj, men genyen kont lè nou koupe cheve nou. Li pa menm anfòm pou lapriyè devan Bondye, Bib la di. Mari I gen dwa pou I divòse epi kite I. Se vre. Li prezante tèt li bay mond lan kòm yon fanm enpi. Bib la di sa. Li dezonore

pwòp mari l lè li fè sa. Se egzakteman sa Bib la di. Ou wè?

178 Ebyen, men yon fanm ki te fè makijaj, nou jwenn yon fanm ki te fè sa nan Bib la, se sèlman youn. Se te Jezabèl. Se ki moun li te ye. Se sèl moun nan Bib la ki te janm mete makijaj, se te Jezabèl, e Bondye te ba l kòm manje imedyatman pou--pou chen sovaj yo. Li vin tounen yon wont, e menm li...Tout bagay, tout bagay ki mekan yo rele l Jezabèl.

179 Ou pa bezwen fè sa. Ou pa bezwen fè li. Ki sa ki fè ou fè l alò? Lespri dyab la.

180 Nou pa reyalize sa. Mwen konnen nou pa reyalize l. Nou se—nou se moun ki twò bon. Nou bon. Nou ban m lanmen, nou pale avè m.

181 E mwen renmen nou. Se vre. Men si mwen wè sa, èske mwen pa ta yon ipokrit... Pòl di : "Mwen pa t evite fè nou konnen tout Konsèy Bondye a." Jou sa a, pa gen

san okenn fanm k ap tonbe sou kont mwen, ni okenn gason. Mwen di nou Laverite. E mwen rayi fè sa; se pa rayi paske mwen pa vle fè sa Bondye di m, men mwen renmen nou. Mwen pa vle fè nou mal, donk sa mwen pral fè? Men Lanmou pi Diven ap pouse nou fè l.

182 Jezi te menm priye pou l eskive kwa a. "Èske li posib pou koup sa pase lwen?" Li te di: "Men, se pa volonte pa M, pa W."

183 Èske mwen pral oblije moun ki di sa a? Èske mwen pral oblije pran fanm presye sa yo ki tèlman bèl ak tout bagay, epi jis koupe yo an miyèt moso? Èske se mwen ki pral oblije fè l? Èske mwen pral oblije pran frè minis mwen yo, epi kanpe la epi di yo ke yo renmen lajan ak denominasyon an--an pi plis pase yo renmen Bondye? Mwen menm, chè frè m yo ki mete bra yo... O, èske mwen oblije fè sa? O Bondye, pa kite m fè sa.

184 Men, mwenn pa t evite fè nou konnen tout Konsèy la.
Se Lanmou otantik ki te pouse m fè sa.

185 Èske se pou sa Mesaj sa a te fèt konsa? Nou pa
jwenn sa okenn lòt kote nan mond lan. Ki kote li ye? Trè
byen. Yo pè. Ou wè? Men li te san pè. Egzakteman.
Bondye toujou konsa, ou wè. Trè byen. Èske se poutèt
sa Mesaj sa a repwoche fanm yo konsa? San yo pa
konnen, li pa t revele. Li te montre m, men li pa t vin
jwenn mwenn jiska lòt jou a. Ou wè? Gade la. Trè byen.
Asireman li adapte byen ak ministè a.

186 Kounye a tann yon minit. Èske te janm gen yon tan
ke mond lan te vin yon mond fanm anvan? Wi. Dapre
listwa, nan epòk Eli a, te gen yon fanm yo te rele
Jezabèl. Epi li te gen dominasyon sou legliz Bondye a,
sa Bib la di li pral fè ankò nan dènye jou yo; lespri li,
atravè yon legliz, yon òganizasyon. Epi li pral yon
pwestitye, e tout lòt legliz ki avè l yo pral enpidik, menm

jan li ye a. Eske se vre? [Kongregasyon an di: "Amèn."

— Editè a.]

187 Apokalips 17, te di: "Li se yon pwostitye, e li se MANMAN ENPIDIK YO." Sa pa ka gason. Sa se fanm. Ou wè? Epi yo tout te jete, vivan, nan Letan Dife a, epi yo te boule. Èske se vre? Men ni.

188 Remake, lè Jezabèl la te parèt sou sèn lan, te gen yon nonm ki te leve kanpe kont li. Bondye te mennen yon nonm. Nou pa menm konnen kote li soti. Li pa t gen okenn eksperyans nan ministè. Li pa t janm prèt oswa anyen. Li te avanse la, yon ansyen nonm gwosye ki soti nan rakbwa ki te rele Eli, li te mete rach la nan rasin pyebwa a, epi yo te rayi l. Non sèlman sa, men tout kongregasyon l lan te rayi l.

189 Epi yon fwa li te panse li te kanpe poukont li. Li di: "Non, mwen gen sètmil poutan ki rete dwat avè w." Ou wè? Sa te gwoup eli sa a, wè. Toujou genyen gwoup sa.

Li di: "Ou pa bezwen pè, Eli. Mwen konnen ou panse w ap fini, paske denominasyon yo kouri moute la sou tèt mòn lan. Men," li di: "Mwen gen sètmiil ki kwè menm bagay w ap preche a. Ou wè, mwen genyen yo."

190 Alò apre epòk li a, Wòm te pran kontwòl, epi li te vin tounen yon tan se te mond yon fanm ankò, tout mòd fanm yo, ki jan yo te soti ak chapo yo ak bagay sa yo, ou wè. Epi Bondye te fè yon lòt moun parèt ak menm Lespri a sou li, Lespri Elize a. Eske se vre? Epi li di: "Rach la mete nan rasin pyebwa a."

191 Epi te gen yon vye ti fanm odasye ki te la, ki te marye ak li... li te kite mari l, li marye ak frè l, Ewòd. Ewodyas, epi li te yon—yon kloun tou pentire nan epòk sa a, li te konn danse. Li te anseye ti fi l la ki jan yo danse. Li te gen yon pitit fi, ak papa adoptif li a, papa adoptif la; ak papa a, frè li. Ewodyas! Sa se te pitit fi fanm lan. Epi li te aprann li danse, epi li te vin yon vrè

dansè estriptiz, menm jan ak manman I. Epi li te panse li te ka marye kat oswa senk fwa, fè nenpòt bagay li te vle.

192 Epi Ewòd te vini la. Kounye a sonje, yo tout te Jwif. Yo te moun legliz. Men Ewòd vini ansanm ak legliz li a, pou yo tandè pwofèt sa a, pèp la te kwè se te yon pwofèt.

193 Li te mache dwat devan figi yo toulede, epi li te di : “Li pa legal pou ou genyen I.” E èske sa te fè l eklate! Ou wè?

194 Kounye a, gen yon nonm òdinè ki ta di: “Ki jan w ye, Ewodyas? Nou byen kontan genyen w nan kongregasyon nou an jodi a.” Men se pa Jan.

195 Jezi di: “Ki moun ou t ale wè lè ou te soti al wè Jan? Ou t al wè youn ki tout abiye tankou yon prèt? Non, sa kapab, kalite sa a bo ti bebe epi antere mò yo. Ou wè? Li di : “Kisa ou t al wè? Yon van, yon wozo ke nenpòt van souke? Yo di: Vini non, Jan. N ap peye w plis si w

preche nou. Epi, nou, nou se pi gwo òganizasyon an '?"
Se pa Jan. Non, li pa janm al wè sa.

196 Li di: "Kisa w t ale wè, lè w t al tandè e w te wè Jan, yon pwofèt?" Li te di: "Epi mwen di nou, plis pase yon pwofèt!... ou ka resevwa li, se sila ke pwofèt la te di ki t ap vini an : 'Mwen pral voye mesajè mwen an devan fas Mwen, epi li pral prepare chemen pou Seyè a.'" Li te yon mesajè Alyans lan. Li di: "Pa gen yon gason, ki fèt nan yon fanm, ki gran menm jan li ye a." Ou wè?

197 Sa a se kalite nonm Bondye te leve pou jou sa a, Eli, yon moun ki soti nan rakbwa. Jan, menm bagay la. Ou wè? Lespri Eli te sou Jan. E li te di, lè se te jou yon fanm ankò, Lespri sa a ap leve ankò, "Anvan Seyè a vini, lè tè a pral boule, e moun ki jis yo pral mache sou sann mechan yo, tankou sann anba pye yo." Li te pwomèt li, ankò, nan jou sa yo. Remake, Sentespri a te pwomèt sa. Se yon bagay ki apwopriye ak epòk n ap viv la.

198 Dwe gen yon moun ki leve. Sa gen pou rive, paske se ENSI DI SEYÈ A, Malachi chapit 4 la. Se egzakteman sa Li te di ki t ap siy lan: "Jis anvan jou gran e terib Seyè a rive, m ap voye Eli pou ou." E kisa li pral fè? "Retounen kè timoun yo nan Doktrin zansèt yo, tounen nan Bib la," soti nan diferans denominasyon sa yo, "epi tounen nan Bib la, tounen nan Bondye." Se sa li ta fè. Remake nan ki gran moman nap viv.

199 Pwofèt sa yo te reprimande medam modèn sa yo nan epòk yo, epi yo toude te peye pou sa ak lavi yo. Istwa pwouve ke chak nan tan sa yo se te mond yon fanm, lè fanm yo te gen kontwòl.

200 Gade jodi a. Nou pral gen youn, yon Prezidan, youn nan jou sa yo, sanble sa ta ka rive kounye a. Aktyèlman, manzè se Prezidan. Ou wè? Misye se jis yon figi. Isit la sa pa gen lontan, nan youn nan lòt nasyon yo, manzè t ap resevwa anpil lwanj ak tout bagay nan men tout pèp la, jiskaske Prezidan an, li menm, te di : "Mwen se mari

I." Prezidan Etazini, ou wè. Li fikse mòd yo, medam yo swiv li, ou wè, menm jan Jezabèl te fè. Ou tande prèch mwen sou *relijyon Jezabèl*. Ou konnen. Ou konnen sou li. Ou wè ki kote nou ye kounye a?

201 Nou wè sa k te pase isit la, yon semèn oswa de semèn de sa, isit la nan vil la? Minis Lafwa Literyen an te envite prèt Katolik nan Sakre Kè a pou l vin preche pou li, e li te fè sa, e minis Lafwa Literyen an te desann al jwenn prèt Katolik la e li te preche pou li.

202 Konsèy Legliz la yo kounye a, sa ap reyini lavil Wòm. Lèt sikilè sa a ke bon zanmi m, David duPlessis; lè m te chita la epi m te kriye ba li sou sa, nan Fourteen-Mile Creek, sa pa gen lontan; san l pa reyalize li te balanse legliz la jis nan Babilòn, lè tout moun t ap di : "O, tout legliz yo pral fè yon sèl kounye a." Wi, mwen konnen sa, ou wè, jis egzaktman sa ki te ekri sou liv pwofesi mwen an an 1933, sa ta rive. Poukisa, ou pa reyalize ke se Satan k ap ini yo ansanm? Bib la di sa.

Epi jis apre yon ti tan, jis yon ti tan, osito ke yo vin youn, lè sa a egliz entèdenominasyonèl yo fini, ou wè. Pral gen mak bèt la, se sa. Ou wè?

203 Jis mwen p ap gen tan pou m kontinye sou sa, men li prèske onzè karantsenk. Ou wè, mwen vle fini sa a, fini pwen sa a. Mwen jis pote Ekriti sa yo isit la kote ou ka wè posiblite pou kote nou ye a, epi answit nou pral fèmen jis nan kèk minit.

204 Kounye a remake jis sa ki te pase. Nan epòk sa yo, pwofèt yo te reprimande medam sa yo e yo te rele yo moun ki “rayi fanm.” Se vre. Istwa pwouve se konsa.

205 Kounye a, tann jis yon minit. Oumenm k ap note ekriti yo, ou ta dwe ekri Premye Timote 5:6. Men sa Bib la di: “Fanm k ap viv nan—nan plezi monn lan.” Sa pa ka plezi Bondye; kifè sa dwe konsa, ou wè. “Fanm ki ap viv nan plezi monn lan mouri pandan li vivan.” Se sa pwofèt la te di, Sen Pòl : “Fanm k ap viv nan kondisyon

monn lan mouri pandan l ap viv." Men, si li rejte lagras, li ka travèse liy ki separe kote pa gen plas pou li ankò. E alò ki kote li ye, ak je li pentire, cheve li koupe? Epi li lòtbò liy lan, li pa gen okenn fason pou l retounen, e dwe gen yon ministè pou preche l. Men sonje, nan moman sa a, tout bagay fini. Li fini. Sa jis ap ante yo.

206 Pral gen yon ministè ki pral montre gwo mèvèy, Joel te di sa, men p ap gen tan pou redanmsyon. Tout bagay fini. Ayo a fin pran Liv Li a, e redanmsyon an fini. Kòm Jezi te preche dabò epi yo te rejte Li, e answit Li t ale epiLi te ante sila yo ki te la a, Li te preche bay moun ki te nan prizon, ki pa t kapab repanti, pa gen tan pou sali, menm ministè sa a ap oblije repete ankò. E si sa ta ka Twazyèm Pull la? pou sa yo ki pèdi Etènèlman. E si se te sa? Mwen espere ke se pa sa. E si se te sa? Panse a sa jis yon minit kounye a. E si se te sa? Ke Bondye prezève nou de sa. Mwen gen timoun. Ou wè? Men se sèten sanble li tou pre.

207 Poukisa vizyon sa a te vini lè m te timoun? Poukisa mwen pa t janm panse a li anvan? Poukisa trans sa a te vin la nan chanm nan lòt jou a, di, "Men li"? Se jis nan mitan non-...nanm yo—yo ki pèdi. Apre sa, Jezi te preche yo, temwen, men yo—yo pat janm repanti. E plis mwen preche, se plis yo vin pi mal. Pa gen repantans. Pa gen plas pou sa.

208 Ayo a te pran Liv Li a lè, Setyèm So a te jis pare pou l te louvri, Sizyèm So a. Sonje byen, Li kache Setyèm So a devan nou. Li pa t vle revele li. Lè zanj lan te kanpe, jou apre jou, li te revele li, men alò Li pa t vle fè l pou sèl sa. Li te di: "Te gen yon silans nan Syèl la." Pa gen moun ki te konnen. Se te Vini Seyè a.

"O," ou di, "sa pa posib." Mwen espere ke li pa posib.

209 Jis ann ale jis yon ti kras pi lwen isit la. Mwen te gen yon bagay mwen te ekri, ou wè. Trè byen.

210 Sonje, "Sila k ap viv nan plezi monn lan," bagay ki nan monn lan, k ap aji menm jan avè l. Li te kapab ale legliz epi aji tankou yon sen, sa pa gen yon sèl bagay pou wè ak li, ou wè, men, "li mouri pandan l ap viv."

211 Gade sa denominasyon yo fè pou li. Yo fè li manyen Pawòl Sen an, sa ki kontrè ak Bib la. Yo fè l tounen yon predikatè. Li entèdi nan Lekriti. Yo menm fè l kounye a vin chèf, majistra, gouvènè, tout bagay nan peyi a, ak yon minis nan kay Bondye a.

212 Alòske, li koupab de tout peche ki te janm komèt, se li ki lakòz sa. Se vre. Kounye a, mwen pa, mwen p ap pale de dwa. Li koupab. Se li menm ki lakòz chak tibebe ki fèt avèg. Se li menm ki lakòz yo fouye chak tonm. Se li ki te lakòz peche, maladi, lapenn. Yon anbilans pa ka sone sof si se yon fanm ki lakòz li. Okenn krim pa ka fèt, pa gen peche, pa gen lanmò, pa gen lapenn, pa gen okenn soufrans, si se pa yon fanm ki fè li. E Bondye

entèdi l ale dèyè lachè pou l preche, men yo fè sa.
Denominasyon yo, ou wè kote yo ye?

213 Li se yon deyès. Pou jan dyab la ap travay! Ebyen, moun katolik yo fè yo, fanm sa yo, dye, priye yo; se vre, deyès Mari, elatriye. Mwen wè ki kote nan Konsèy Ekimenik la yo te di ke li ta rive ke yo ta priye yon ti kras plis bay Jezi si sa ta ede Pwotestan yo antre. Ou wè? Ou wè? O, sa kouvri ak sik! "Sa pa ka chanje," yo te di. Ou wè? Se toujou menm vye dyab la. Bib la te di: "Epi li te fè tout moun resevwa yon mak sou fwon yo, sa yo ki pa t gen non yo ekri nan Liv Lavi Ayo a."

214 Se ak Legliz predestine a m ap pale la, pa sa yo ki deyò yo. Non, mesye. Nan chak gwoup, Li te rale predestine L yo. Se pou sa yo Li vini, nan chak laj.

215 Men kote li kanpe. Men li. Sa se li; li preche Pawòl la, manyen Pawòl la, li vin yon deyès, e se li ki lakòz chak peche. Bib la di: "Mwen pa pèmèt yon fanm

anseye, oswa pran okenn otorite, men se pou l obeyi jan lalwa a di tou.” Ou wè? E li pa ka fè li. Men yo fè l tounen chèf peyi a, majistra, gouvènè; talè li pral Prezidan. Ou mèt sèten. Men li. Se konsa, se konsa sa ye, ou wè. E moun yo fè sa paske yo pa okipe yo de Pawòl sa a. Yo p ap janm wè li.

216 Gade Juif sa yo ki kanpe la, entelektyèl, mesye de byen. E Jezi di: "Nou soti nan papa nou, dyab la."

217 E si mwen mennen L nan yon jijman kounye a devan nou? Ann eseye sa yon minit, epi Bondye padonnen m pou m pran pozisyon kont Li; men jis yon minit, pou montre w yon bagay.

218 E si w di: “Ebyen, mwen menm, glwa pou Bondye, mwen pale an lang! Alelouya! Mwen konnen. Mwen, wi, mwen—mwen resevwa L. Beni Bondye. Wi!” Uh-huh, ou resevwa l?

219 Sonje pèp Izrayèl. Bib la di, apre Li te fin fè pèp la soti, epi Li te delivre yo nan peyi Lejip, Li te detwi yo paske yo pa t suiv Mesaj la. Ou wè? Yo manje lamàn ki soti nan Syèl la. Yo manje lamàn ke Bondye te fè tonbe sou tè a pou yo manje, yo te kanpe nan prezans mesaje a, yo te wè Kolòn Dife a, yo te tandè Vwa Bondye a, e yo te wè li konfime. Epi answit paske yo te vle kwè Kore: “Kapab genyen plis moun ki sen. Ka gen *sesi, sela*, oswa *se lòt bò*. Nou menm tou nou dwe sen. Nou dwe fè tout bagay sa yo. Tout pèp la sen.”

Bondye di : “Separe tèt ou ak yo. Ale lwen la.”

220 Moyiz di: “Tout sa yo ki sou bò kote Seyè a, vin avè m”. Se vre. Ou wè? Epi Li te jis louvri tè a epi li vale yo. Ou wè?

221 Yo te bon moun tou. Se sèten, yo te bon moun. Yo te moun de byen. Wi, mesye, men sa pa t sifi. "Se pa tout moun k ap di: 'Seyè, Seyè,' men moun ki fè volonte

Papa M'." "Se pa moun ki kòmanse a; se sila ki fini a."
Se sa, pa gen pran okenn ti chimen ki pi kout; w ap diskalifye nan fen kous la. Pa gen pran ti chimen ki pi kout. Ou dwe vini jis fason ke Lekriti di a.

222 Si Li di : "Repanti, epi batize nan Non Jezikri, epi n ap resevwa don Sentespri a," pa gen pran okenn chimen ki pi kout, bay lanmen, fè w manm nan yon legliz oswa yon denominasyon. Ou dwe suiv Chimen sa! Amwen ke ou mouri pou tèt ou, epi ou ne de Lespri Bondye a, ou se—ou se—ou pèdi. Se tou. Pa gen pran okenn chimen ki pi kout.

223 Ou di : "Ebyen, mwen fè pati legliz la." Mwen konnen. Se bon. "Ebyen, manman m..." Mwen pa doute de sa, men se a ou menm m ap pale. Ou wè? Ou dwe suiv Chimen sa a, paske pa gen pran okenn chemen ki pi kout; ou diskalifye nan Jijman an. Ou dwe suiv sèl Chimen sa.

224 Gen yon sèl Chimen, e Kris se Chimen sa a. E Kris se Pawòl la k ap viv nan ou, ki konfime tout sa Li te pwomèt nan sezon li. Ou wè? Èske nou sezi sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Byen. Remake kounye a.

225 Gen moun ki di: "Moun sa yo bon." Sèten. Mwen pa di yo pa bon moun. Mwen pa di Sent Sesil ak tout lòt yo pa t bon fanm; manman m te youn tou, men se sèten mwen p ap priye l. Sètènman pa. Sètènman, mwen wè anpil moun ki bon, men yo pa deyès. Yo se fanm, gason. "Gen yon sèl Medyatè ant Bondye ak lèzòm."

226 Alò poukisa, poukisa yon nonm, yon Pannkòtis, yon nonm nan mond lan...lèt sikilè sa ke Frè duPlessis, presye frè nou an, te fè sikile. Petèt kèk nan nou te resevwa l. Chita... Wi, ou te resevwa l. Nan Konsèy Ekimenik la, bò kote pap la, li di : "Se te trè espiryèl." Sa se disènman de lespri, pa vre? "O, Lespri Seyè a te la, trè espiryèl." Wi. Men ni.

227 Poukisa? Paske se yon opòtinite pou ini Pwotestan yo ansanm ak sa nou te konbat pandan plizyè ane, e Bib la soutni li e li te di nou sa t ap vini. Epi nou an... youn nan pi gwo lidè nou yo antre drèt ladan l, li di : “Se vre. Se sa nou fè,” e tout legliz Pwotestan ap tonbe ladan l.

228 Epi jis egzakteman, si w ap verifye sa la, se ENSI DI SEYÈ A. Premyèman, Pawòl la te di li. Lè sa a Lespri Seyè a te di, an 1933, Li te pale de tout lòt bagay sa yo sou nasyon yo ki pral fè lagè, ak ki jan de machin ki ta genyen, ak tout bagay konsa, Li te di se egzakteman sa ki ta rive alafen. E men ni. Li pa janm echwe. E nou wè la sa ap pran fòm.

229 Nou sonje prèch mwen an sou *Relijyon Jezabèl* sa pa gen lontan? Nou sonje Elize ki t ap desann sou wout la jou maten an pou l te avèti yo? Sa, mwen te preche sou sa. Ou wè? Epi ki jan mwen te predi lè sa a ke tan an t ap rive kote Konsèy Ekimenik sa a t ap finalman

tounen mak bèt la, paske li t ap ini ak bèt la. Se sa l ap fè. Nan laj mwen an, mwen viv pou wè li. E men Pwotestan yo, pa milyon, tonbe ladan l. Poukisa? Se sa y ap chache.

230 Yo avèg! Jezi te di Farizyen sa yo: “Nou se avèg k ap kondwi avèg. Si yon avèg ap kondwi yon avèg, Li di, èske yo tout p ap tonbe nan twou a? Epi se la yo tonbe. Ki jan mwen ta ka kwè ke yon nonm ki te kanpe avè m epi ki pale avè m, ta ka janm chita epi fè yon remak konsa! Ou wè, “Sa kache devan je moun ki saj yo epi entelijan yo, epi Li revele l bay ti bebe ki vle aprann yo.”

231 Mwen konnen yon jou sa pral koute m lavi m. Se vre. Sa pral rive, men isit la se Laverite ki pibliye. Uh-huh.

Premye moun ki mouri pou plan Sentespri sa a,

Se te Jan Batis, men li pa t eskive l; li te mouri tankou yon nonm;

Answit Seyè Jezi vini, yo kloure Li sou lakwa,

*Li te preche ke Lespri a t ap sove lèzòm anba
peche. (Èske se vre?)*

*Epi yo te kalonnen Etyèn ak wòch, li te preche kont
peche,*

Li te fè yo sitèlman fache, yo te kraze tèt li;

Men li te mouri nan Lespri, li te rann nanm li,

Epi li t ale jwenn lòt yo, sila yo ki te bay lavi yo.

Te gen Pyè ak Pòl, ak Jan nonm diven an,

Yo te bay lavi yo pou Levanjil la ka klere;

*(Kisa yo te fè?) Yo te melanje san yo ak pwofèt tan
lontan yo,*

Pou ke vrè Pawòl Bondye a ka preche nan lonètete.

Nanm yo anba lotèl la, t ap kriye : "Nan konbyen tan ankò?"

Pou Seyè a pini tout malfektè yo;

Men pral gen plis ki pral bay san lavi yo (wi, se vre)

Pou Levanjil Sentespri sa a ak rivyè Li a ki wouj ak san.

232 Li kontinye ap koule san! Wi, lap fè l on jou, men map tann lè sa a kote tout bagay ap fini.

233 On sè fèk gen on sonj. Li voye l ban mwen, li di: "Mwen wè yo, legliz sa a ki te pare on jan", pou touye m, an sekre, on moman, lè map desann machin mwen, "e ke map antre, yap tire sou mwen"...men li di: "Alò Lespri a di: "Pa kounye a, men lap vini pi ta,"" Wi.

234 Ke Bondye anpeche m fè konpwomi sou anyen. M jis konnen Jezikri epi Jezikri krisifye. Nap viv on jou ki

orib. Se peche a ki fè sa. Wi. Yo-yo lapide Etyèn. Yo fè koupe tèt Jan, se li ki fè l. M pa konn kijan nap bay pa nou an, men lap fèt on jou. Trè byen, remake.

235 Nan Jan, si ou vle Ekriti a ki pale de sa. Jan 6:49, se la kote yo manje laman, e Jezi te di: “Epi yo tout, mouri.”

236 Ou di: “Ebyen, sè mwen-mwen, mwen-mwen wè dam sa a ki danse nan Lespri a.” Oh, wi. Wi. “Mwen wè yo ki fè sa. Mwen wè ki pale an lang. Mwen wè li...” Wi.

237 Jezi te di: “Anpil pral vini devan M jou sa a, e yap di: ‘M fè tout bagay sa yo,’” Wè? “Yo manje laman nan dezè a,” Jezi di: “e yo tout, separe Etènèlman. Yo mouri.” Sa a fini pou Letènite. Yo mouri la a nan dezè a.

238 Nou sonje Ebre chapit 6 la: “Moun yo te fè konnen Verite a, epi ki te refize mache nan Li, pa gen repantans pou yo ankò.” Wè, on kwayan ki a la limit-... Lè Verite a prezante a yon moun pou yon dènye fwa, epi li refize

resevwa Li; selon Liv Ebre a, wè, li... pa menm gen anyen nan mond lan ki ka janm sove li.

239 Yo fini. Okenn repantans, okenn redanmsyon, pa gen anyen ki rete pou yo. Yo separe pou Letènite. Bib la di sa: “An atandan dife redoutab la e endiyasyon an ke pral devore advèsè a.” E lè Verite Levanjil la te pwouve, konplètman konfime, epi apres a yo fè demi tou epi yo elwaye de Li, yo fini. Se tou. Li terib, men mwen dwe di l.

240 Sonje Zanj yo ki pat kenbe diyite nan ran yo, men ki te rete la a nan prizon tenèb sa a, kote lemonn ap mache jodi a, nan menm prizon sa a, pa gen repantans.

241 Sonje gen kèk ane de sa, m te di, lè m te sot Chicago: “Swa Amerik la pral resevwa l ane sa a, oubyen li pap resevwa l ditou.” Ou wè kote l rive? Wi.

242 Kounye a map mande m èske se Twazyèm Poul la? O Bondye, pito se pa sa! Èske se a sa Twazyèm Poul la

sèvi? Èske se sa? Oh lala! Panse a sa, zanmi. Panse a sa; m pa renmen sa.

243 Jezi di: “Kalite ipokrizi sa a...” Si ou vle note sa, Matye 23.7. Mwen -m gen isit la: “li sa,” men nou ka wè. “Farizyen avèg!” Kite...

244 Èske nou gen kèk minit ankò? [Asanble a di: “Amèn.” -Ed.] Annou gade. Annou jis tounen sou sa, paske m te di: “li sa.” Te gon bagay ke m te vle li la a jis anvan...Kounye a petèt ke m pral koupe nan on lòt bagay, men annou-annou jis pran sa yon minit. Matye 23, jis on minit, trè byen, e nou pral kòmanse nan vèsè 27. Jis tandè kounye a. Nap li tout bagay la lè nap rantre lakay nou, si nou vle. Jis kèk minit ankò.

245 Kounye a gade la. Matye 23, e annou kòmanse vèsè 27: “Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa!” Kounye a, sonje, Lap pale ak moun ki sen.

Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak Farizyen, bann ipokrit! Nou sanble tonm yo blanchi nan simityè (sa se moun ki mouri, wè), tonm yo blanchi nan simityè. Deyò yo parèt byen bèl, anndan yo plen ak zosman mò ak tout kalite vye bagay pouri.

246 Ipokrizi, anvi, konfli, andedan yo; andeyò: “Mwen se Doktè *Entel*.”

Konsa tou, sou deyò nan je moun, nou sanble moun k'ap mache dwat devan Bondye (gade Konsèy Èkumenik la e Pannkotis yo ki chita la a), Men anndan kè nou, nou plen ipokrizi ak inikite.

247 Kisa ki inikite? On bagay ou konnen ki byen epi ou pap fè l. Jezi, kounye a gade sa Li... sou ki jenerasyon Li aplike sa kounye a.

Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak Farizyen, bann ipokrit! Paske n'ap bati bèl tonm pou pwofèt

yo, nou mete flè sou kavo moun ki te mache dwat devan Bondye yo,... (Wè, "Oh, pwofèt yo!")

Epi n'ap di: Si nou te viv nan tan zansèt nou yo, nou pa ta dakò ak yo lè yo t'ap touye pwofèt yo.

248 "Nou tap kwè Pawòl Seyè a si nou te viv epòk sa a."

Gade.

Lè nou di sa, nou admèt nou menm tou se pitit pitit moun ki te ansasinen pwofèt yo nou ye.

Konsa, nou mèt fin fè sa zansèt nou yo te kòmanse fè a.

249 Se egzakteman sa kap pase. Kounye a gade sa Li di isi a.

Bann rize, bann vèmen! Kouman n'a fè chape anba chatiman lanfè a?

250 Kijan nou ka chape l? Kounye a Lap adrese L a minis yo, wè, se vre, moun sen. Kijan nou ka rete kanpe

la epi konnen ke Bib la predi e di moun sa yo pa fè sa, epi nou ka rete kanpe la e fè konpwomi pou kèk lajan minab, santi move, pou kèk popilarite, epi on moun pase men nan do w epi rele w “Doktè”? Kijan nou ka di nou renmen moun sa yo?

Map preche tou pou moun kap tande bann yo. Wè?

251 Kijan nou ka, kijan nou ka di nou renmen moun sa yo, epi kite on bagay konsa rive? Wè? Noumenm-noumenm Farizyen, avèg, sèpan, vèmen, kijan nap fè chape kondanasyon lanfè a? Lè nou...Kijan on moun jodi a, ki konnen ke bagay sa yo pa bon, rete la a pou kenbe asanbe li, fè denominasyon l pran teren, e pap di medam yo ak mesye yo anyen? Kijan nap chape kòlè lanfè a , lè l te pare pou nou. Kijan nap chape sa? Wè?

252 Tande, tande sa. Kisa k pral rive? “Se poutèt sa...”
vèsè 34.

...men sa ki genyen, Mwen pral voye pwofèt,...

253 “Map fè l,” nan lavni. Men Farizyen nou kap retiunen ankò.

...moun ki gen bon konprann,... ak dirèktè lalwa ban nou. Nou pral touye kèk, gen ladan yo n'ap kloure sou kwa, gen ladan yo n'ap bat ak fwèt nan sinagòg nou yo, n'ap pousib yo soti yon lavil al nan yon lòt:

254 Li te predi ke Li tap voye yo dè pwofèt, avèk Pawòl Seyè a. E kisa yo ta pral fè? Menm bagay papa yo te fè, paske se sa nou ye. Wè, lespri yo pa mouri. Moun ki posede yo mouri, men lespri yo pa mouri. Li te di: “Nou se timoun yo. Se nou.” E jis remake kijan bagay sa yo ye.

255 Kouman Sen Pòl te kanpe la a (nou kwè li te yon pwofèt?) epi te kondane fanm yo, ki tap koupe cheve yo; te kondane òganizasyon yo a; te anonse ke tout moun ki

pat batize nan Non Jezikri dwe vini pou batize ankò. Se vre.

256 E jodi a yo fè konpwomi e yo adousi I. Yo pa konn lòt jan, byen ke. Sa fè pitye. Si lè a pase, m ta ka di sa, wè: yo avèg, predestine pou yo avèg. Bondye gen pitye. Yo pat ka wè I.

257 Jezi te di: “Nou avèg. Noumenm, dirèktè lalwa ak Farizyen, avèg, ipokrit! Alò ke nou li menm Pawòl la ke yo tout te li, e la a nou vin kondane Mwen. E Mwen egzakteman sa Pawòl la te di ke M tap ye jodi a. M te dwe Mesaje jodi a. Mwen se Mesi a,” Li di I kareman. “Mwen se Mesi a. Èske M pa pwouve I? Si M pa fè sa ki te ekri sou Mwen, alò kondane M. E noumenm, Farizyen avèg, nap kondwi moun nou yo nan on bagay konsa, e nap voye tout moun.” Li di: “Ebyen, avèg la ap kondwi avèg la.” Li di: “Nou...”

258 Nou di: “Oh, si nou te viv epòk Sen Pòl, wi, m tap pran pati pou Sen Pòl.”

259 Noumenm ipokrit! Wè? Poukisa nou pa pran pati pou Doktrin li? Nou tap fè menm bagay la ke nap fè kounye a, paske nou se pitit papa nou, òganizasyon papa nou: Farizyen, Sadiseyen, moun ak pwòp jistis yo. Se-se sa. Wi. Mwen di nou, e-e lè ke nap viv la, mwen mande m si sa ta ka Twazyèm Pull la? Jis on minit kounye a, wè, Jezi te di: “Espès sa a gen on pi gwo kondanasyon.” Wè? Èske sa pa terib?

260 Tankou gran Ameriken sa a, on lè, lè ènmi a te sou pwen pran peyi sa a, nèg sa a, a minwi, li sote sou yon cheval epi li desann wout la ap rele: “Ènmi an ap vini!” Se te Paul Revere.

261 M son Ameriken tou. E map monte, lè minwi sa a, pa pou di ke lènmi an ap vini, men li la! Li pap vini; li

deja la a! Li deja konkeri. M pè pou sa fini; ap konkeri, lè minwi sa a.

262 Sonje, Tucson, sèt Zanj yo, kisa Mesaj la te ye: “Mistè Bondye a ki fini,” Touswit apre sa, pandan map desann mòn yo...

263 Nou tout tande pale de mòn yo. Remake. Frè Fred gen kèk foto de sa, epi Frè Tom. E m gen kèk foto, kèk fim, e tou. Nap montre l isit la yon jou, pou montre nou ki bò sa te ye. Nou tout konn istwa a.

264 Gade, twa somè yo. Li di: “Men Premye w, Dezyèm, ak Twazyèm.”

265 Epi Frè Fred te pran on bèl foto de li, lè limenm ak Sè Martha te pase. Nyaj ki te fòme pa imidite tè a, yo te monte epi yo te kache tout lòt somè yo pou jis kite parèt Twa Poul yo; youn isit, youn isit, epi youn la a. Wè? Sèt yo!

266 Gade, Premye a, twa. Twa se pèfeksyon. Se lè ministè a te lanse.

267 Dezyèm Pull la se te disènman lespri yo, pwofesi a. (Premye a se te gerizon malad yo.) Dezyèm la se te pwofesi ki te repann, epi li te konnen sekrèpanse yo, lè Pawòl la Limenm te manifeste. Ki se, se gras la.

268 Men, sonje, setyèm lan se akonplisman an. Èske sa ta ka akonplisman Pull la, tout bagay fini? Èske l posib? Ppanse a sa kounye a. Jis pansè. Kote w rive? Wè? Sèt la se toujou fen an. Twa Pull!

269 Ministè Jezi te gen Twa Poul. Èske nou te konn sa? Remake! Epi pansè a tèt ou, si ou pat janm pansè nan vi w, se le moman kounye a pou yon minit, kèk minit.

270 Premye Pull Li se te geri malad yo. Li vin yon nonm trè popilè. Tout moun te kwè L, te sanble konsa. Èske se vre? Lè Li te al geri malad yo, tout moun te vle L nan legliz yo.

271 Men yon jou Li te vire tounen epi te kòmanse ap pwofetize, paske Li te Pawòl la, e Li te Pwofèt ke Moyiz te pale de li a. E lè Li te al di yo, epi di yo kijan yo tap viv, ak bagay yo tap fè yo, Li vin trè pa popilè. Se te Dezyèm Pull Li.

272 Mande m si sa te tipifye tounen dwat ankò? Jis reflechi yon minit. Èske se te ka sa? Premye an, geri, tout moun. Dezyèm lan: “O, sa te ka Jezi Sèl. Sa te ka Bèlzeboul, sa te ka yon...” Se menm bagay yo te fè la a. Ou wè? Menm lespri kap viv nan menm kalite moun yo, moun kondane ki pa ka janm sove, paske yo te kondane anvan; yo, tankou Judas Iscariot, te fèt pitit pèdisyon.

Ou di: “Judas?” Sèten.

273 Sonje, li te trè relijye, men li pat ka ale nèt ak Mesaj la. Li te ka pran on pati ladan I, men rès lan li pat ka sipòte I. Yo ka pran gerizon ak bagay kon sa, men lè I vin nan Bondye kap pale ekirèy nan egzistans, lè sa a

sa twò fon pou yo. “Pa posib!” Se te Judas. Lespri I ka viv dwat jouk nan nivo sa a. Li pa ka fè I ale pi lwen sa. Ou wè?

274 Yo te ka pran Moyiz trè byen lè I te louvri Lamè Wouj la, e latriye kon sa. Men lè sa desann nan di, yo pat, tout rès nan yo pat dwe fè *sesi oswa sela*, oswa se lòt bò. “Li fè tèt li yon Bondye, sou nou.” Ou wè, yo pat ka pran sa, Kore avè yo. Kidonk, yo te dwe gen yon òganizasyon, kidonk Bondye te jis vale yo.

275 Ministè Jezi, lè Li tap geri malad yo: “Li te mèveye, jenn Pwofèt Galile sa a! Pouki, Li fè avèg yo wè. Li te menm leve mò yo. Nou te gen twa ka nan sa. Li te leve mò yo an reyalite.”

276 Men yon jou Li te vire tounen, Li te di: “Noumenm jenerasyon sèpan. Nou fè deyò plato an pwòp. Nou parèt nou sen, men anndan nou, nou pa anyen ke yon gwoup sèpan.” O, lè pwofesi sa a te soti, ap kondane

òganizasyon sa a, lè sa a sa te chanje. Yo te vire kont Li. Se vre. E alafen, nan rejte Li, yo te krisifye L.

277 Men nou pa ka touye Ministè a. Li kontinye viv. Nou ka met mesaje a dòmi, men nou pa ka mete Mesaj la. En en. Egzak. Li te kontinye viv. E remake lè Twazyèm Pull ministè L la vini. Premye an se te geri malad yo.

278 Dezyèm lan se te repwoche òganizasyon yo, ak pwofetize; sa yo te fè, sa yo te ye, ak sa ki tap vini. Sa ki la, sa ki la, ap vini; epi sa ki te ye, sa ki la, ak sa kap vini. Se sa L te fè. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

279 Men Twazyèm Pull Li an se te lè Li te preche bay pèdi yo ki pat ka sove ankò. Yo te anba la a kote gwo je pentire sa yo te ye: “Ou, ou!” Te preche bay nanm yo nan lanfè, ki pat asepte mizèrikòd, men te separe Etènèlman de Prezans Bondye a. Men poutan yo te dwe rekonèt sa, sa L te ye, paske Bondye te fè L la a.

280 Mande m si ministè Li evolye menm fason nan nan dènye jou yo, jan sa te ye? “Menm jan Papa an te voye M, se konsa Mwen voye nou. Zèv ke M fè nou va fè tou.”

281 Pèdi, pat ka janm sove. Yo te rejte mizèrikòd. Se te Twazyèm Pull Li.

282 Kounye a èske gen yon kesyon? Premye Pull Li, Li te geri malad yo. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Dezyèm Ministè L lan, Li tap pwofetize. Twazyèm Ministè L, Li tap preche pou sa yo ki pèdi pou Etènite. Twa mòn yo, latriye; sa yo ki pèdi pou Etènite!

283 Ministè Noye, tout ministè, te fè menm bagay la. Noye te preche. Se egzakteman vre. Li te antre nan lach lan. Epi lè li te antre nan lach la, te gen sèt jou ke anyen pat rive. Temwayaj Li te preche bay kondane yo.

284 Sodòm ak Gomò! Jezi te pale de toude ki tap vini. “Anvan vini Fis de lòm lan, se konsa sa va ye tankou epòk Noye an, se konsa sa va ye tankou sa te ye nan epòk Sodòm lan.” Li te pale de Noye.

285 Noye te gen Twa Pull, e Twazyèm li an se te pou pèdi yo apre pòt lan te fenmen. Paske, Bondye kite sa chita la a menm, kote pèsòn pat ka antre oswa soti. Yo te andedan. Paske, (menm jan sou setyèm mòn lan) mòn ki pi wo an, se kote Li te enstale lach lan, mòn. Ou wè? Se vre?

286 Nan epòk sodòm, Premye Pull lan se te jis lan Lòt. E Bib lan te di: “Peche Sodom yo te boulvèse nanm jis li chak jou,” kijan fanm sa yo te aji epi te fè.

287 Nou sonje, “Jan sa te ye nan epòk Noye.” Kisa yo tap fè? “Manje, bwè, marye, bay an maryaj.” Fanm, ou wè, fanm. Kisa I te ye nan jou Sodòm? Fanm.

288 E Premye mesaj lan se te Lòt. Yo te griyen dan sou li.

289 Apresa yo te voye lòt mesaje, de nan yo, epi yo te desann. Se te Dezyèm Pull pou Lòt...pou Sodòm.

290 Men gade Sila a ki te ale an dènye, gen plis ak plis mizèrikòd. Tout te fini lè sa a, tout fini nan moman sa a. Twazyèm Mesaje sa a ki te desann la a, Twazyèm Pull lan, kisa L te ye? Ki kalite ministè Li te genyen? Li chita ak eli yo, epi te di yo kisa k tap pase dèyè Li. Se vre? Men lè Li te mache al nan Babylòn, oswa nan Sodòm, Li te vle jwenn...

291 Menm Abraham, tap kriye: “Si W te ka jwenn senkant jis?” Kontinye desann rive “dis jis?”

Bondye te di: “Wi, jwen dis jis.”

292 Kite m di w yon bagay, sè, jis on minit. Ou te ka gen mòd ansyen tan, men ou gen yon bagay rèn sèks sa yo pa genyen. Ou gen yon bagay ke I pa ka janm genyen.

Egzak. Ou te ka gen mòd ansyen tan nan abiye w, abiye tankou yon dam. Yo te ka di: “Gade vye egzalte sa a.” Pa enkyete w. Li gen yon bagay ke vye ti rèn sèks sa a, ki gen tout mond lan kap gade l deyò la a, li pa genyen l. Li pa ka janm genyen l. Li pèdi, Etènèlman. Li kondane. Ou wè? Li pa janm... Ou gen moral; ou gen vèti. Li pa gen anyen. Li gen yon kwòk ki pyeje nanm pèdi yo nan lanfè. Avèg yo mache antre nan li. Kounye a, ou gen yon bagay.

293 Ou konnen, ou te ka pa menm nan yon liv legliz, men sa te ka lavi jis ou, kap kenbe kòlè Bondye de mond lan jodi a. Mond lan pap kwè l. Oumenm fanm ke yo rele egzalte, oumenm ti nonm ki pa konn apèn anyen, men ou kriye bay Bondye, lajounen kou lannwit, pou peche peyi an, ou te ka sila a kap kenpe kòlè an. “Si Mwen ka jwenn dis, M ap epaye l. Si M ka jwenn dis!” “Jan sa te ye nan epòk Sodom, se konsa sa va ye.” Wè sa m vle di?

294 Pa, “Si M ka jwenn dis Methodis, si M ka jwenn dis Batis, si M ka jwenn dis Pannkotis, si M ka jwenn dis atlèt, si M ka jwenn dis senatè, si M ka jwenn dis minis.”

295 Men: “Si M ka jwenn dis jis!” Gen Yon Sèl jis, se Kris. Kris kap viv nan Yon Sèl, dis sa yo, ou wè: “M ap epaye l.”

296 Men dènye Mesaje sa a te preche bay kondane yo. Ou di...Li te desann la a. Lekriti pa di sak te rive, men dife an te tonbe nan demen maten, touswit, apre Li te fè siy sa yo, imedyatman apre Li te fè ministè pwofesi L la. “Poukisa Sarah te ri?”

Li te di: “M pat fè sa.”

Te di: “Wi, ou te fè sa.” Ou wè?

297 Kounye a, imedyatman apre sa, Li te antre Babylon, oswa te desann nan Sodòm. Li pat janm jwenn yo, kidonk dife an te tonbe. Li te jwenn Lòt ak de pitit fi l yo, te di: “Sot isi a touswit.” Ou wè? Yo te soti. Li te desann

la a. Sonje, Li te sou wout desann Li. Li te voye mesaje devan L, men Li te desann Limenm, dwat pou chache konnen si tout bagay sa te vre. Epi L te jwenn li plen ak kisa? Fanm makiye. Mesaj la pou kondane yo. Kisa yo tap fè? Te griyen dan sou li.

298 Kisa yo fè jodi a? Menm bagay la. “M fè pati de Asanble yo. M fè pati de Initè an. M se—m se...M te danse nan Lespri a. Glwa pou Bondye, m pale nan...” Trè byen, ale. “M ap koupe cheve m si m vle. M ap fè sa. M ap—m ap jis di sa. M pa gen pou m batize nan Non Jezi. Sa pa gade m—m sak te di. Pòl se yon ansyen moun ki rayi fanm, tout jan. Se yon...” Trè byen, ale.

299 Youn nan jou sa yo, si w pa fè l deja, y ap travèse liy sa a. Ou pap janm dezire ankò pou fè sa ki dwat. Èske nou te tande sa m te di? Se yon pwoblèm. Frè, sè, èske nou reyalize kisa k te di? N ap travèse liy sa a, epi nou pap janm vle fè l. N ap toujou tande Levanjil lan,

sèten, men nou pap janm asepte L. Nou pa ka asepte L. Men Levanjil lan ap preche bay kondane yo, sila yo ki pèdi Etènèlman, ki pa ka vin sove, ankò. Nou deja nan kote sa a, epi nou pa konn sa. Nou panse n ap viv nan plezi, epi mouri pandan nou vivan.

300 O koute. Tout sila yo ki te rejte Mesaj lè an, avan kondanasyon, Levanjil lan te preche bay kondane yo, an premye, anvan yo te ale; san mizèrikòd. Noye, fenmen nan lach la, te yon temwayaj. Bondye fenmen pòt lan, apre Twazyèm Pull li. Apre Twazyèm Pull lan nan Sodòm, pòt yo te fenmen. Pat gen mizèrikòd ankò. Yo pat ka jwenn dis yo. E pèdi yo te gen Levanjil lan ki te preche, ki pat ka sove, paske li te jis...Se te fason sa a nan chak laj, chak laj rejte Mesaj lan anvan jijman.

301 Èske yo te fè li? Èske sa ap parèy nan yon Kolòn Dife isi a sou rivyè an? Èske sa ap parèt la a nan Mesaj kap kondane fanm yo, epi ap voye plas yo kote yo ta dwe ye, epi ap repwoche minis sa yo ki pran plas la ak

denominasyon an olye pou rete sou Pawòl la? Lè, Bondye te konfime nèt ke se Li, e pa kèk bagay pòv iyoran ki pa aprann tankou yon nonm. Se Bondye! Èske nou vin kounye a nan plas ke Twazyèm Pull la tap retounen ankò pou pèdi yo, Etènèlman?

302 Èske se sa vizyon sa a te ban mwen, antan ke yon ti bout gason deyò laba a? E m te ale nan Lwès, epi men Kwa annò Levanjil la kap klere desann, te deklare siy lan depi nan Syèl la, jis egzakteman. Sonje, Kwa an te nan yon panoramik, tankou yon—tankou yon piramid, tou, ki te bati. Ou wè? Èske l posib ke sa te ka pati nan tèt lan kote li fini, epi te kòmanse apati de *isi a* epi monte nan pozisyon tèt lan?

303 Tankou piramid lan, monte nan Luther, Wesley, Pannkot, epi apre wòch lan ki kouvri tout. Èske se te ka sa? Si se sa, kote nou ye? Li, sa te ka. M espere se pa sa, men sa dwe la a. Sa pral la a. Jis sonje, minis sa yo

dwe, yo toujou akode jis menm jan an, ak youn lòt. Li dwe rive. E Bondye pa chanje. Panse a sa!

304 Mòde konsyans nou ak dan espartyèl nou, epi dekouvri kote nou ye. E si se sa, epi nou toujou fason nou ye a? Alò nou te ka jis otan mache... Nou fini, sila yo ki deyò. Apre Ayo an te pran Liv lan, Sizyèm So an revele epi tout So yo, li fini. Sa te ka sa. M espere se pa sa. Se te ka sa. Trè byen.

Kounye a, èske se pou sa Twazyèm Pull sa a te trennen long konsa?

305 Nou remake, Premye Pull lan ak Dezyèm Pull lan te sot nan youn al nan lòt lan. M te predi, nou sonje, lè m te fèk kòmanse, apeprè Premye an. Epi m te di: “Gen yon lè kap vini L ap menm konn sekrè kè an.” Nou sonje? Konbyen moun? Poukisa, nou tout sonje sa, nan reyinyon m yo nan viwonn lan. E yon nwit m te jis mache nan Regina, anwo la a, epi te mache sou platfòm lan;

epi Frè Braxter la a, plizyè milye moun. E yon nonm te mache monte sou platfòm lan, [Frè Branham klake dwèt li yon fwa—Editè a.] epi men l te la a. E apati de sa li te menm jan an.

306 Men sa te fè dè zane depi m te sot nan chan misyon an, kat, apeprè senk an depi m kite. Kisa l ye? Kisa k te fè sa? Èske se te pou sa ke se te tankou nan kòmansman an, nan Jenèz, “Bondye kap sipòte ak pasyans”?

307 Sonje, lè L te fè mond lan, setyèm jou an Li pat fè anyen. Li te repoze. Ou wè? Bondye tap sipòte ak pasyans nan sizyèm lane sa a, pat vle pou pèsòn ta dwe peri, men tout te ka vini pou repanti. Bondye tap sipòte ak pasyans.

308 Ankò, epitou, nan Jenèz 15:16, si nou vle make l, 16, 15. Li te di Abraham: “Lòtbò an nan peyi Amorit yo, move zak yo,” yo te Moun lòt Nasyon kounye a. “M pa

ka fè nou antre la a kounye a menm, paske move zak Amorit yo, Moun lòt Nasyon yo, poko fin plen. Men M ap jije yo. M ap antre nan katryèm jenerasyon sa a, epi lè sa a M ap jije nasyon sa a ak yon baton fè.” Èske se vre?

309 Èske li te lontan konsa, sipòte ak pasyans Bondye sa a, ministè an san rete, nan kasèt ak tout lòt bagay, te pase mond lan nan peny fen, pou wè si gen youn an plis? Men petèt dènye sa a fèk antre dènyèman. Èske se te move zak ki te la a—la a sa fè tèlman lontan? Si Jezi se menm lan, ke se sa L ye, Ebre 13:8, Mesaj Li dwe menm lan. (Nap fini.) Aksyon Li dwe menm lan.

310 Si Premye ak Dezyèm Pull la san kesyon! Èske gen yon dout nan lespri nou sou Premye ak Dezyèm Pull lan? Èske sa te rive jis tankou L te di? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Alò poukisa pou kesyone Twazyèm lan? Ou wè? Poukisa w ta kesyone Li? Premye de yo te

idantifye pa Lekriti. M te pwouve ban nou maten an ke Twazyèm lan idantifye pa Lekriti, tou.

311 Gade mond lan, wè kote l ye. Gade kijan yo te rejte Verite an, ak kijan sa te idantifye kòrèkteman, pati pwofesi an. Kounye a kote nou ye? O Bondye, gen pitye! Sa fè kè m senyen sou anndan. E sa ? Kote nou ye?

312 Sonje, sèt pik sa yo anwo la a, yo te ka di nou. Se... Pa gen yon lòt pik apresya. Li nan Continental Divide lan. L ale dwat nan dezè an, kontinye apati de la. Etènite enstale. Sèt pik, dwat nan Continental Divide lan. Se dwat nan mitan byen ak mal. Epi nan fen sa, Twazyèm Pull lan te dènye Pull nan chenn lan. Èske se vre? Ou wè? Trè byen.

313 Noye te antre, lè sa a apre sèt jou, anyen pat rive, ou wè. Nan sèt jou jijman vini. Si sèlman...Koute kounye a, m pral fini. Si sèlman, nan tan Noye, yo ta konnen siy

sa a! Si sèlman yo ta konnen! Kounye a m pral fini. Si yo ta sèlman konnen siy sa a, mond lan nan jou sa a! Ke, Bondye te pwouve isi a, pa lekti Lekriti an, sa fè on moman de sa, Li te detwi moun sa yo.

314 Pa san mizèrikòd, mizèrikòd te voye ba yo pa yon pwofèt. Yo pat vle kwè l. Bondye gen mizèrikòd, men, Li te voye mizèrikòd men yo pat vle resevwa l. Li toujou voye mizèrikòd, an premye.

315 E si yo pat konnen ke siy sa a te siy tan lafen an? E lè yo te wè, toudenkou, lesali sispann. Pèsòn, ou wè. Jis, premye bagay nou konnen, pòt lan te fenmen. Si yo...Te gen sèlman yon moun ki te konn siy sa a, se te Noye ak gwoup li. Se te sèl moun ki te konnen. Lè pòt sa a te refenmen, Noye te konnen se te fini. Li te konn sa. Se vre. Si nou sèlman te konn siy lan!

316 O, si yo ta sèlman konnen siy sa a, lè yo te wè Sila a antre la a, te anwo la a ak Abraham!

317 Si yo ta sèlman konnen ke Billy Graham modèn sa a de jou sa a, te desann la a, limenm ak yon Oral Roberts, epi te preche mesaj sa a bay moun avèg sa yo! Si yo ta sèlman konnen, ansyen Metodis jis sa yo ak Batis anvan laba a te yon siy pou yo nan jou sa a, Lòt, lè peche yo te boulvèse nanm yo menm. Lè sa a nan kisa Metodis ak Batis yo te vire? Tankou Lòt te fè, menm bagay la. Men jis la, andeyò de la a, soti. Sèten.

318 E si se te lè Billy Graham te desann lan? Ap monte pou yon desizyon, ap moulen moulen chiklèt, ap bay youn lòt kout pwen, epi ap ri, cheve koupe, se figi pentire, epi pa menm fè yon bout mouvman sou sa. Tounen nan demen, epi Billy te di: “M gen trant mil; tounen nan en an, epi m pa menm gen trant.”

319 “O, m te pran desizyon. Mwen—m—m pa pral nan lanfè; m pral nan Syèl, ou wè,” ap kontinye patoje dwat nan peche. Si yo te sèlman...

320 Epi Levanjil lan ki te preche nan Pwisans, ak siy ak bèl mèvèy, ak Kolòn Dife an sou li, epi tout bagay ap kontinye jis egzakteman, epi te predi epi te tabli. Si yo te yon... Yo te di: “Yon gwoup egzalte. Se telepati mental. Yon kalite lespri sòsyè. Yon dyab, se tout sa L ye. Piga nou kwè L. Sa pa nan òganizasyon nou. Nou pa gen anyen pou n fè ak Sa.” Si yo te sèlman konnen siy lan! Si yo te sèlman konnen!

321 Jezi te di, te di: “Si nou te sèlman konnen jou nou, Jerizalèm. Si nou te ka sèlman rekonèt! Men,” te di: “kounye a yo kite nou ak pwòp tèt nou.” Ou wè? “Si nou te sèlman konnen. O Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa M ta plane sou nou, tankou yon manman poul ta fè pitit li yo, sot nan jijman ki jis dwe vini! Men nou pat konn jou nou.” “Noumenm ki te kalonnen pwofèt yo ak kout wòch, epi te touye jis yo, si nou te sèlman konn jou nou! Si nou te sèlman konnen, epi te kanpe sou Lekriti nou, epi te konnen ke vini Mwen te yon siy de fen nou. Kounye a

nou avèg. Kounye a yo te kritike nou. Tan nou fini.” E se sa I te ye. Se vre. “Si nou sèlman konn tan an!”

322 Gade, lè Jezi te fè deklarasyon sa a, mond lan te kontinye dwat. Ou wè? Mond lan te kontinye dwat, nòmalman. Poukisa? Paske yo pat konnen lè yo.

323 Mond lan te kontinye dwat, lè Noye te antre nan lach lan. Mond lan te avanse dwat. Mokè yo, nan jou sa a, yo toujou te gen fèt sèks. Yo toujou manje, bwè, te marye, te fè bagay yo fè jodi a. Jis egzakteman, nòmalman. “Ha ha! Vye egzalte sa a te fenmen pòt lan. Kounye a, èske nou te janm tande yon bagay konsa? Ha ha! Nou konn sa I di? Nou tout pral ‘nwaye.’ San sans! Kote dlo an ye?”

324 Mokè, nan epòk Noye. “Se konsa sa va ye nan vini Fis de lòm lan.” Trè byen. Noye te konn siy lan. Menm bagay nan epòk Lòt. Menm bagay yo nan epòk Jezi. Se konsa I ye jodi a. Yo moke dènye tan yo...?...

325 Menm ak Sodòm, yo pat janm konnen. Lè Mesaje sa a te kanpe la a, Mesaj de Bondye, yo te sèlman griyen dan sou yo epi te eseye pèvèti yo nan pwòp zak yo. Èske se vre? “Antre epi vin jwenn nou. Vin youn nan nou.” Èske se vre? “Antre epi vin jwenn nou, vin youn nan nou. W ap youn nan ti mesye yo. Vini, vin jwenn nou.” Ou wè? Yo pat janm konnen siy yo.

326 Yo pat konnen ke lè Mesaj sa a tap pase, ke menm lan... Yo pat ka wè l, ke dife ak kòlè jijman an, tankou Bondye, yon souf flanm dife te limen nan syèl la. Yo pat ka wè l. Mesaje yo te kapab. En en. Lòt te konnen l, tou. Li te konnen li te la a. Sètènman.

327 Menm jan l ye jodi a, jis menm bagay la. Kòlè ap limen, bonm atomik ap pandye, tout bagay toupre. Se menm bagay la kounye a.

328 Gade, moun yo, koute. Èske nou te konnen... Nou di: “Frè Branham, o, sa k pase ak tout sa?” Nou konnen,

moun ka kontinye ale dwat nan preche Levanjil la tankou yo te toujou fè, sa yo rele Levanjil la, li te ka fini. Yo te fè sa nan jou Noye. Yo te fè sa nan jou Lòt. Yo te fè sa nan jou Jezi. Se vre?

329 Menm Jwif yo, apre Jezi te di yo ke kòlè a... “Nou fini. Nou fini. Pa genyen ankò. Nou fini.”

330 “O,” li te di: “egzalte sa a. Nan ki lekòl Li te soti? Kote L te vini, sa?”

331 Sonje, Li te pare lè sa pou Twazyèm Pull Li. En en. Se vre. Li te di: “Konbyen fwa M ta plane sou nou!”

332 Lòt te fè dènye apèl li...oswa, m vle di, Anj lan te fè, mesaje a, nenpòt moun Li te ye a. Bondye te reprezante pou jou sa a, Bondye te reprezante nan lachè imèn, te fè dènye siy lan, te fè dènye devwa an. Tout te fini lè sa a.

333 Noye te preche dènye sèmon li; pòt lan te fenmen dèyè l. Se te tout. Yo te griyen dan ou sa, epi te pran plezi sou sa.

334 Panse, moun yo ka kontinye dwat nan preche! Konsèy Ekimenik lan ka al jwenn ak legliz Katolik lan, jis menm jan yo te pwomèt pou fè. Tout òganizasyon ka vini, men mak bèt la deja la. Yo pran l, nan sa. Ou wè? Epi yo di: “O, alelouya, beni Bondye, te gen tan kantite ki te sove yè swa.” Yo te sove? “Yo te danse nan Lespri an. Yo te pale nan lang.” Sa pa vle di yon sèl bagay. Ou wè? “O, yo dou epi janti epi enb. Wi, mesye. Yo gen fwi Lespri an.” Se pa okenn siy. Pa on tikras.

335 Kite m ban nou fwi Lespri an, ant Jezi ak Farizyen yo, wè kiyès ki te gen fwi Lespri an. E si m te kanpe kont Kris kounye a pou on minit, janm te kòmanse di sa fè on moman? Bondye padone m pou menm di sa, ou wè, men jis pou montre on bagay.

336 E si m vin jwenn nou epi di: “Hey, noumenm asanble, kimoun ki zanmi nou? Kimoun ki montre fwi Lespri a? Vye prèt janti nou an. Kimoun ki vin jwenn nou nan lopital la lè nou malad? Vye prèt janti nou an. Se vre. Kimoun ki toujou prete nou on lajan lè nou kanpe kont li, nan yon kote sentre? Noumenm manm ansanble li, èske nou pa al jwenn vye prèt janti nou an epi l prete nou lajan? Ou wè? Kimoun ki toujou emab epi janti, epi ap montre fwi Lespri an? Vye prèt janti nou an.

337 “Kimoun ki te etidye pandan dè zane epi dè zane, nan sinagòg anba isi a, kote gran-gran-gran-gran-gran-gran-granpapa soti, anba nèt ale? Kimoun ki te etidye epi te gen...te travay di epi te gen doktora ak PHD ak LLD, pou konn Pawòl sa a, epi kanpe isi a epi delivre l ban nou chak dimanch matin nan asanble li? Vye prèt janti nou an.

338 “Kimoun renega sa, ki rele: ‘Jezi’ a ye? Nan ki lekòl Li te soti? Nan ki lekòl Li soti? Kote kat fratènite Li? Ki òganizasyon Li fè pati?”

339 “Kisa I fè lè nou tout gen yon diskisyon fanmi? Kimoun ki vin jwenn nou? Vye prèt janti nou an, pou eseye...E nou gen yon diskishyon kont vwazinay sa a bò isi a, epi ansyen prèt janti nou an vini epi rekonsilye nou. Te di: ‘Nou tout se pitit Bondye. Nou pa ta dwe fè sa.’ Se sa li...”

340 “Kisa Jezi Nazareth sa a fè? Chire bagay la. Kisa L fè? Atake òganizasyon nou. Kisa L fè? Te rele prèt nou yon ‘lidè avèg pou avèg yo.’ Li te rele I yon ‘sèpan nan zèb lan.’ Li te pran sakirfis ke Bondye te òdone an, epi te choute tab yo tèt anba, epi te voye lajan an deyò, epi te gade yo ak kòlè. Èske nou te janm wè prèt nou gade kon sa?” Kounye a kote fwi Lespri an ye? En en. En en.

341 Pa nan pale nan lang. Pa nan danse nan Lespri, Pa nan antre al jwenn legliz. Pa pa fwi Lespri an; Lasyans Kretyen ka toufe nenpòt nan nou sou sa a, ou wè, epi renye menm Jezikri te Diven. Pa sa.

342 Men se Pawòl la, kap viv! Men li. Si yo te gade sèlman, Li te Mesi. Li te Pawòl vivan an, ki te manifeste.

343 E yon nonm ki gen Lespri Bondye nan li, oswa yon fanm, ap viv Pawòl sa a, L ap viv drèt nan yo. Se batman kè an, predestine yo, paske Pawòl Seyè an vin jwenn yo, epi yo se Pawòl lan pou moun yo. “Lèt ki ekri ke tout òm yo li.” Èske se vre? Èske Twazyèm Pull lan te ka ap rive?

344 Moun bann/kasèt yo, se nou kap koute kasèt sa a, m swete nou te ka gade asanble sa a nan moman sa a. En en. M swete n ap santi nou menm fason an.

345 E si se sa? Gade Lèzekriti anpile isi a. Èske se te ka sa? Èske Twazyèm Pull lan dwe preche bay kondane Etènèl yo ki te rejte Mesaj sali an?

346 “Ebyen,” nou di: “legliz lan pral...” Ya, y ap fè l. Y ap kontinye dwat, jis menm jan an.

347 Men, sonje, tout tan sa a, Noye te nan lach lan. Epouz lan te sele anndan ak Kris, dènye manm lan te rachte. Sizyèm So an te pwodwi tèt li. Setyèm So an mennen L tounen sou latè. Ayo an vini epi te pran Liv lan sot nan men dwat Li, epi chita epi te reklame sa L te posede, sa L te rachte. Se vre? Se te toujou Twazyèm Pull sa a.

348 Twa se pèfeksyon. Ministè an vin nan pèfeksyon li lè li te repwodwi Kris ankò nan natirèl, nan mitan èt imen, jan sa te predi: “Jan sa te ye nan jou Lòt yo.”

349 O, panse, moun te ka kontinye dwat nan preche, panse y ap sove, kwè y ap fè byen, kwè òganizasyon yo

ap grandi, sèten, epi pa menm yon reyon lespwa. E si vizyon sa a se te sa, e li te tèlman di kont fanm yo, nou vin nan lè sa a. Pòt fenmen, pati, Liv lan deja nan men Li. Panse a sa.

350 Kite m di nou sa jis anvan m fenmen kounye a. M ap fenmen. Yo te di, sou Ireland, ki t ap fè fas ak dlo. Te gen yon gwo resif ki desann sou longè riv lan, epi monte nan gran bit sa a. E te gen yon nonm ki ta prale, ap mache bò la a yon jou, jis—jis nan moman pou mare yo antre. E te gen yon nonm nòb ki te viv sou bit lan, ki te konn mare sa yo. Li te konn lè nan jounen an ke mare yo te sipoze vini. Li te konnen ki lè mare an mete pye. Nonm sa a pat okipe ki lè. Li te youn nan konn-tout-bagay sa yo. Li te gen pwòp lide li. Li te yon nonm atletik, entèlijan, kanmarad entèlijan, men li jis pat konnen lè mare an. Li pat konn peyi a. Li pat konn lè siy lan te kòrèk, lè lalin la te bese do l bay latè a.

351 E lè Bondye janm fè Lespri Li tonbe sot nan tè a, frè, l ale, tout fini.

352 Lalin sa a ta toujou bouje sot nan plas li, dlo yo tap kouvri tè a tankou sa te ye lè Bondye te kòmanse l, nan Jenèz 1. Men lalin la plase la a, e lè li jis menm vire tèt li, vag yo kòmanse ap kouri antre.

353 Vye nonm saj sa a ki te viv la a nan prezans li, te konnen ki lè sa te ye. Nonm sa a pat konnen. Li pat janm etidye l. Li pat okipe sa. E vye nonm saj sa a kouri soti, epi te di: “Bon nonm mwenn, pa oze al pi lwen. Vire tounen, byen rapid. Gen yon miray. Ou pa ka monte miray la. W ap peri. ...Se siy yo kap rive, lè a. Mare an—an ap jayi antre toudenkou, epi ou pa ka retounen. Pa al pi lwen.”

354 Epi nonm lan te vire tounen, epi te griyen dan sou li, te di: “Al okipe pwòp biznis ou. M konn kisa m ka fè ak kisa m pa kapab.” E mare yo te atrap li. Ou wè?

355 Li ka pi ta pase nou panse. Ou wè? L ap atrap nou. Pa al pi lwen. Piga nou fè l, moun yo. Si nou te toujou kwè nan mwen kòm etan sèvitè Bondye, pran pawòl mwen maten an, si nou te janm fè sa. Li te ka twò ta deja. Tèlman anpil Ekriti montre li fason sa a. Kounye a, sonje, m pa di sè sa l ye. M pa konnen. Men jis gade.

356 E m koupe apeprè dis paj isi a, ke m te pè di nou. Ou wè? Ou wè? Madan Wood se yon temwen de sa, ak Mesye Wood. Lè m te desann maten an pou wè yo, m te di: “Mwen—m pa ka di yo sa, pa ka ale lwen konsa. M ap jis mete kantite Ekriti sa a, epi kite l avè yo, paske li pral anrejistre.” La prale.

357 E moun yo pral ri sou Mesaj sa a. Se kòrèk, l ap yon tounen dèyè ki pase, youn nan jou sa yo. Ale, jis vin yon manm legliz. Koupe cheve nou, pentire figi nou. Kontinye, epi pran “Papa, Pitit, ak Sentespri,” si nou vle, ke, fè li twa Bondye epi pou n yon payen. Kontinye, kenbe fèm ak òganizasyon nou. Fè sa, si nou vle.

358 Di: “M te danse nan Lespri a, m te pale ak lang; m genyen L.”

359 M te wè demon fè menm bagay la. M te wè sòsyè pale nan lang epi entèprete li; epi ekri nan lang enkoni, entèprete li; ki te bwè san nan yon krann tèt imen, epi te rele demon an, te danse nan lespri an.

360 Mahometan yo danse nan lespri an, kon sa, jiskaske yo ka pran echad epi pase l anba dwèt yo; epi pran yon lans, epi pase l atravè figi yo, kon sa, epi rale l soti, epi pa menm yon gout san ap sot nan li.

361 Endyen yo ap mache sou dife, pye atè, pwofondè twa pye; ak kat-, twa- oswa kat pye antravè; soufle, brase chabon jouk yo cho anpil anpil; epi pa janm gen yon boule sou pye yo, epi renye ke gen yon bagay konsa tankou Jezikri.

362 Non, non, zanmi. Se Pawòl la ki di sa. Moun yo ak Pawòl la dwe vin yon sèl. Ou wè? Jezi ak Pawòl la te

menm bagay la; Li te Pawòl la. E lè Jezi viv nan èt imen an, sa fè li ak Pawòl la menm bagay la. Pa... Lavi nou di kisa nou ye.

363 Kounye a jis gade tèt nou nan miwa Bondye pou gade a, di: “Kisa m sanble maten an?” Pandan nou priye.

364 [Yon frè pale nan yon lòt lang. Yon lòt frè bay yon entepretasyon. “Pitit mwen yo, jodi a, m di yo. Ya, menm mwen, Bondye Toupwisan an, te gade sou tè a jodi a. M te wè mal ke yo te mennen kreyasyon sa a ladan I lan. Ya, m wè peche ke lòm, jou sa a, ap lamente andedan. Ya, èske ou pa konnen ke M te fè yon gran bagay pou ou? Ya, M te voye yon nonm nan dènnye jou sa a, ya, ke I te ka yon pòt pawòl nan jenerasyon sa a. Men M di nou, jou sa a, pèp Mwen, anpil te moke non sa a. Ya, yo te vire do yo sou bagay ke I te pale yo. Men M di nou, sila yo ki va tande Pawòl sa a yo, M va lakòz gran benediksyon tonbe sou yo. M se Bondye Toupwisan an.

Seyè an di: “M va rekonpanse, jou sa a, pou sila yo ki va resevwa ak sensèrite Pawòl sa yo.”—Editè a.]

Te ere lwen Bondye,

Kounye a m ap vini lakay;

Priye, si w te janm priye!

Louvri bra lanmou W laj,

Seyè, m ap vin lakay.

Ap vini...

365 Pandan nou kontinye ap chante, m vle mande nou on bagay. Èske gen yon kote nan kè nou ki sanble li te nan fènwa pa peche? Si se sa, kounye a se lè pou nou debarase de li, touswit, si gen mizèrikòd ki rete.

366 Sa, m espere, se pa sa. M espere li pa la a. Men èske I pa sanble tankou li te ka sa? Koute sa Sentespri

an te di nan mitan pèp li, apre m fini: “Se yon Vwa pou nou.”

367 E si gen, si nou gen nenpòt fènwa nan lavi nou, èske nou pap vini isi an menm nan viwonn lotèl lan kounye a, pandan nou kontinye chante? Touswit, si gen yon enkyetid, si gen yon kote, pa mete sa pou pi lwen ankò.

368 Ap espere epi gen konfyans ke se pa sa; men sa pral sa, youn nan jou sa yo, e l te ka jodi a.

Kounye a, Seyè. m ap vi-..

369 Ak souf twou nen nou dwat nan viwonn nou! Si moun kasèt yo te ka sèlman wè sa kap pase isi an kounye a; jis peze youn sou lòt, ap kriye, ap vini sot toupatou.

370 Èske vizyon sa a te ka, lè m te yon ti gason, èske se lè an? Èske se lè an lè sila ki parèt bouke sa yo, chagren...lanfè ki kreye isi an menm sou latè?

371 Lotèl ak ale, ak tout bagay, ranpli kounye a. Si w pa ka vin bò yon lotèl oswa ale, nenpòt kote nan mitan santèn sa yo isi a, jis kanpe, si w di: “M vle kanpe epi priye, jis moun yo te ka konnen,” oswa met ajenou, kèlkeswa sa w vle a. O la la! Kounye a nou pa ka apèn wè yon moun ki chita. Se moun ki kanpe toupatou.

372 Ke m di sa. Mande Bondye padon, mande Bondye padon ke sa m te di a se kounye a. Ke mwen konprann li, tout moun; mande Bondye padon. Gen...M gen timoun ki pa anndan. M gen de pitit fi ak yon pitit gason. M gen frè. M gen moun mwen yo ki pa anndan. Mande Bondye padon ke lagras kite nou; ke tout sa se sèlman ap pretann.

373 Èske gen lagras ki rete, Seyè? Kite m antò sou sa, Seyè. Kite sa antò nan moman sa a. Ke mwen, se pa sa, ke moun yo ka toujou sove. Akòde l, Seyè. M priye, epi remèt oditwa sa ba Ou kounye a, nan Non Jezikri.

374 Tout moun priye kounye a, jis tankou... E si se te sa? Kounye a, m pa konn ke se sa, men e si se te sa? Nou priye nan fason pa nou. Nou jis priye fason nou vle priye. Jis e si se te laverite, kisa nou tap fè, zanmi? Kisa nou tap fè? Kisa, kisa k pral rive? Kounye a priye, tout moun. Jis—jis kriye, jis priye fason nou vle a. Jis kriye dwat bay Bondye, nan pwòp fason pa nou. O Bondye!

Bra lanmou Ou,

O Seyè, m ap vin lakay.

375 “Seyè, m te gen entansyon fè sa sa fè lontan. Èske m te tann twò lontan, Seyè? Èske sa, èske sa fini? O Bondye, louvri bra lanmou Ou epi resevwa m. Yon bagay nan kè m ap sipliye pou sa, Seyè. Louvri yon fwa ankò. Si non m te sou Liv Ayo an, pale avè m kounye a, Seyè. Kite m resevwa l touswit. Tanpri fè sa, Bondye.”

Vin lakay, vin lakay,

O, jamè, m pap janm ankò, Seyè, pou m ere ankò;

Louvri bra lanmou W laj,

O Seyè, m ap vini...

376 Bib lan te di, lè yo rekonèt Jezi, ke: “Chak moun ap kriye tankou yo te touye sèl pitit gason yo.”

...-ni lakay,

377 Noumenm deyò, noumenm nan machin nou, pa zond ki kout, nou ki kanpe nan viwonn bildin lan, anpil nan nou, jis apiye tèt nou sou bildin lan, di: “Seyè Bondye, gen pitye pou mwen.”

Lou-...

Ap mouri nan sensèrite, zanmi! Panse ki lè nap viv!
Kote nou ye?

...lanmou

Seyè, m ap vin lakay kounye a.

Vin lakay,...

378 Seyè Jezi, m te fè tout posib mwen. M fè tout sa m te kapab. Akode, Seyè, ke pòt mizèrikòd yo toujou louvri. Nan santèn sa yo, literalman dè santèn ap chache W nan moman sa a, retire chak tach peche, Seyè, epi fè yo antre jodi a.

379 Mwen—m plede, ak tout kè m, kòm nou wè pa sèlman on moun kap pale, men, Lekriti Limenm kap mennen nou nan lè sa a. Epi vizyon sa a, de yon ti gason, kap wè moun sa yo nan kondisyon sa a; e kounye a, panse, ke lanfè limenm, mizerikòd te efase sot sou latè, e kounye a lanfè limenm isi a, e moun yo, Seyè, nan kondisyon efreyan sa a.

380 O Bondye Pwisan, sou Legliz Eli sa a, m priye, Bondye, ke W ap vide benediksyon W yo, ke yo te ka resevwa yon—yon ministè temwayaj, ke tankou Lòt te genyen, tankou Noye te genyen, tankou Jezi te genyen,

pou pèdi Etenèl yo, si sa la a; ke yo pou tèt pa yo sele nan Wayòm Bondye an, men ap bay temwen pou Jezikri ki se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Akòde I, Seyè. Ke Ou resevwa petisyon nou, antan nou plede nan Non Jezi.

381 Jis priye fason nou vle priye kounye a, Piga nou nan okenn prese. Piga nou okenn prese. E si ou se dènye non ki pou al nan Liv lan?

...m ap vin lakay.

Vin lakay, vin lakay,

382 Frè Neville, monte epi priye pou yo. Pastè an pral priye kounye a avèk nou pandan n ap priye. M ap chante.

Louvri bra lanmou W laj,

Seyè, m ap vin lakay.

Vin lakay, vin lakay,

Pou pa janm ere ankò; (Wi, Seyè.)

Louvri bra lanmou W laj,

Seyè, m ap vin lakay.

Vin lakay, vin lakay,

Pou pa janm ere ankò;

Louvri bra lanmou W laj,

Seyè, m ap vin lakay.

383 [Frè Branham ak asanble an te chante chante pi wo an pandan Frè Neville te priye. “Bondye Toupisan, Papa nou ki nan Syèl la, tankou sa te ye, jodi a, nou tèlman kontan ke W te ban nou, tankou sa te ye, moman tan sa a pou kapab konsidere chimen nou yo devan W. Bondye mwen, jodi a, nan fon nanm nou, nou kriye ba Ou, Seyè, nan non, pa sèlman tèt nou, men youn lòt. Kite lè sa a,

Bondye, se tan an, maten an, Papa, lè Ou va, si Ou deja etann mizèrikòd, Papa, kite sa fèt, ke sila yo ki jou sa a te abandone tout fyète yo, fantezi yo, ak lòt bagay. Seyè Jezi, jodi a, nou priye ke W ap akòde ke sila yo ki ap met ajenou, o, epi ap koube tèt yo nan tout bildin sa a. O Bondye, kite Vwa sa a, ki sot nan Syèl, pale maten an. Bay yon asirans, Seyè. Kite mesye sa yo, ki se dèzòm ak fanm kap mouri, Jezi, kite nou gen, jou sa a, konsolasyon Temwen sa a kap desann sot nan Syèl maten an. Nan Non Jezikri, n ap plede, Seyè, si genyen poutan yon ekstansyon mizèrikòd atravè San an, kite I vini sou chak moun, jodi a, selon vini yo. Se pou I konsa, jodi a.”—Editè a.]

[Frè Neville kontinye ap priye. “E ke chak moun, Seyè, satisfè, jou sa a, ke Ou etan Bondye Toupwisan. Si sa se ekstansyon mizèrikòd lan, kite I sou chak moun, endividyèlman.”] Akòde I, Seyè. [“Kite se kounye a, Papa. Epi kite lapè Bondye, ki te toujou depase

konprann, kite I vin ankò pou kè kap tann.”] Wi, Seyè. [“Kite se lè a.”] Wi. [“Nou kwè ke W te tandè depi nan Syèl.”] Bondye, akòde I. [“Kèlkeswa sa k rezève pou nou, si I fini, alò, Seyè, nou konn kisa final la ye.”] Wi, Seyè. [“Men, si se pa sa, kite Temwen an vini.”] Wi, Seyè. [“Kite sila yo ki te vini, kite yo jwenn lapè jou sa a,”] Akòde I, Seyè. [“nan Jezikri. E nan Non Li nou priye. Amèn.”—Editè a.]

384 Seyè Jezi, m priye ke W ap sove Becky ak Sarah ak Joseph, avè yo, tou, Seyè. Pa kite sa rive pitit mwen yo, Seyè, Pa kite I rive frè m ak sè m yo. Akòde I, Seyè.

385 Nou pa konnen, nou pa konnen, men n ap wè on bagay, Seyè. Èske se yon siy pou souke kounye a menm devan nou? Akòde I, Seyè. Atire nou tout toupre Ou, byen rapid, Seyè. Nou renmen W epi nou bezwen W. Kite, Papa, ke Sentespri an ban nou rekonfò nan kè nou kounye a.

386 Nou priye ke nou te ka temwen pou Ou nan lè sa a, paske nou konnen sa dwe rive. Sa te predi nan laj yo, e nou dwe fè fas a li, ke nou nan tan lafen an lè nou wè siy sa yo kap parèt. Nou konnen, e yo te di nou depi dè zane kounye a, ke bagay sa va rive. Kounye a nou wè l' dwat nan pòt nou, gran kòlè pwisan Bondye kap deplase nan lari yo, ap elimine ensikonsi yo. Kote pa gen San sou pòt la, zanj lanmò an vizite; e yo kontinye viv dwat, men mouri pandan y ap viv, san mizèrikòd, san Bondye, e pa ka janm sove.

387 Bondye, kijan nou di W mèsè pou sila yo ki sove! Kijan nou... Ala yon gran benediksyon sa ye pou kè nou, pou nou sou anndan kounye a, anba San an, pandan dènye zanj sa a pase atravè peyi an, ap elimine...

388 Sila yo ki soti anba san an, yo te mouri san mizèrikòd. Se te dènye pull Moyiz. Premye, yon—yon jenn gason k ap pale ak Izrayèl; dezyèm, te desann pou

delivre yo; twazyèm, se te dènye mesaj lan. Mirak yo te fèt, Moyiz te sou wout li pou tè pwomiz lan, ak rachte yo.

O Bondye, gen pitye, m priye, nan Non Jezi.

389 Kounye a m ta renmen mande sa. Noumenm ki tap priye, noumenm ki te santi ke nou gen mizèrikòd, e ke (Bondye) nou santi ke nou nan Wayòm Bondye an, nou santi ke—ke nou te ankre yon fason ou yon lòt, ke nan Kris nou gen lafwa pou kwè ke nou se yon Kretyen, nou ne de nouvo e nou konnen ke nou se yon Kretyen, epi san dout. M swete nou tout tap kanpe, noumenm ki vle sa, kwè sa, ke mizèrikòd sa a te lonje ban nou kounye a, e nou se Kretyen, e nou—e nou kwè ke—ke San an aplike nan kè nou, epi—epi—epi ke nou padone de chak peche.

390 Sa te yon bagay trè di pou pale bay noumenm moun yo. M tèlman rekonesan, epi wè moun yo kanpe toupatou. E nou, mwen—mwen tèlman...

391 M pa konnen si bagay sa a se vre, men li dwe fason sa a, yon lè. Ou wè, li dwe rive nan sa, e li te ka kounye a. Ou wè? Nan chak fason, mond lan ap kontinye dwat. Moun ap toujou vin nan lotèl la, y ap toujou kriye, men sa pap sèvi anyen. Ou wè? Y ap pati, ou wè, I ap fini. Pap gen okenn mizèrikòd. Sonje sa. “E sanktyè a ak vin gen lafimen.” “Sila ki souye, toujou souye; sila ki jis, toujou jis; e sila ki sen, toujou sen.” Pa gen okenn mizèrikòd, lè Ayo an pran Liv lan; se tou, se tout nan sa. E li sanble anpil tankou I te ka kounye a.

392 Petèt nou gen yon lòt jou; petèt jodi a se jou sa a. Petèt demen se dè-...Petèt aswè a se dènye nwit lan. Petèt se dènye lane an. M pa konnen, zanmi. M ap di nou, m pa konnen. Sa pap janm di m.

393 Men lè Bondye pran dènye non sa a epi rachte I nan Liv Lavi sa a, tout bagay fini. Ou wè, yo pa ka la ankò, tout jan. Pap ka genyen ankò, tout jan. Se tou. Se fini.

394 Konbyen moun ki konnen se Verite a? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen. Se—se Verite an. Kounye a ke nou santi...

395 E m wè asanble sa a ke m te preche ba li epi te avèti, tout lane sa yo, epi wè yon Mesaj konsa ke mwen...ke mwen—mwen te mennen nan fòm amatè sa a. E jis sonje, m di l konsa n ap konprann li, fòm amatè; kèk bagay an plis te ka jis prèske souke nou tout an moso, ou wè. Men m jis pat di l, te santi pou fè l, paske m pa sèten. M pa sèten kote m ap mache, m ap mache dousman, ou wè, men jis ap di nou.

396 Koute. Èske nou kontan? Èske te ka gen yon bagay ki pi gran, ke nou te ka panse a li, ke nou te fè nan vi nou?

397 E si sa fini kounye a? E si tout sa fini? “O,” ou di: “Frè Branham, petèt...” Ya, m konnen. Yo te ka kontinye dwat. Yo te fè l, chak fwa. M te eksplike sa epi te

pwouve l pa Lekriti, ou wè, mond lan te kontinye ap woule dwat, men sa te fini. Ou wè?

398 “Foli predikasyon an sove pèdi yo. E se foli, pou lèzòm. Se sajès Bondye an.” Ou wè? Bondye se yon Lespri. Li travay nan fason esprityèl, ou wè, pou fè mèvèy Li; fason mèveye. Men, nou se imen, nou limite. Nou pa konnen; nou jis gade sa nou ka wè. Men Yon Bagay andedan nou...

399 Lè nou mache sot nan sal sa a isi an, si nou pat janm wè l nan vi nou, pat janm wè limyè jou sa a, nou tap konnen ke nou te pase sot nan sal sa a isi an, nan yon limyè solèy oswa on bagay. Li te cho. Nou te ka santi l. Si pa okenn sans nan kò nou pou deklare li, nou tap konnen, o, okenn sans vizyon pou wè l. Okenn mwayen pou wè pyebwa vèt yo, pou wè lanati; nou pat gen vizyon, pèsòn pat janm genyen l. Nou tap konnen nou tap nan prezans on bagay; sansasyon nou tap di nou sa. Nou tap konn sa. Si m ta eseye di nou: “Se

solèy la. Li bay reflè. Li montre dè bagay,” ou wè, nou tap konnen ke li te la a paske nou te ka santi l ak sansayon nou yo. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

400 Kounye a, nou konnen ke Kris isi a. Ou wè? Petèt nou pa wè L ak je nou. Ou wè? Petèt nou pa wè. Men atravè vizyon, m di nou, Li isi an. Nou santi L. Nou konnen gen Yon Bagay isi an ke sans nou yo pa endike. Se Lespri an ki endike l, ke Kris isi an.

401 M santi ke Li te rachte nou. M santi ke non nou nan Liv Li. M kwè ke nou te rachte pa San Ayo an.

M renmen nou, e m konnen nou renmen youn lòt.

O, beni lyen an ki mare

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Fratènite menm lespri an

Se tankou sa ki Anwo an.

402 Nou ta dwe toujou santi nou fason sa a youn pou lòt. Ou wè, nou dwe, nou dwe santi nou fason sa a youn pou lòt. Ou wè? Paske, kòm nou renmen youn lòt, nou renmen Bondye. “Èske nou ka rayi frè nou ke nou te wè, epi di nou renmen Bondye Ke nou pat wè?” Nou dwe renmen youn lòt. “Pi gran lanmou pa gen nonm ki genyen l pase Sila ki te lonje lavi l pou lènmi l, konsa yo te ka vin zanmi l.” O!

403 Èske nou konn chante sa a: *Beni Lyen An Ki Mare?* Èske se pa mèveye? Beni lyen an! Èske w ta vle ban nou akò a sou sa, sè, la a? Jis kite l jwe yon minit.

404 E si sa fini? E si Twazyèm Pull lan, kap vini kounye an, se preche pou pèdi yo? E si tout tip yo ap manifeste kounye a? E nou ladann, e nou ladann, èske sa pa tap mèveye? Ala yon fratènite!

O, beni lyen an ki mare (men sa l fè)

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Fratènite menm lespri a

Se tankou pou...

405 Kisa sa te ye? Fratènite menm lespri. “Wayòm Ou vini. Volonte W fèt.” Ou wè?

406 Nou eseye fè Bondye yon—yon gason maskòt, yon komisyon oswa yon bagay: “Bondye, fè *sesi*, fè *sela*.”

407 Jezi te di: “Priye: ‘Wayòm Ou vini. Volonte W fèt nan latè, jan sa ye nan Syèl.’” Alò, yo mennen Syèl la anba ban nou, e yo fè nou—nou monte nan Syèl, epi nou chita nan plas Selès yo kounye a nan Kris Jezi. Nou tout kwè Mesaj sa se Verite an, ke Jezikri, Pitit Bondye an, rachte nou.

408 Ann fenmen je nou kounye a epi leve men nou, pandan nou chante I.

Beni lyen an ki mare

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Fratènite menm lespri an

Se tankou...(Kontinye jwe I.)

409 Kounye a, pa yon sèl souri. Se pa tan pou souri. Ak yon sensèrite fon, pandan chante sa a ap jwe, ann bay yon moun bò kote w lanmen, di: “Bondye beni w, Kretyen,” ak sensèrite.

410 Bondye beni w, Frè Neville. [Frè Neville di: “Beni w, Frè Branham!”—Editè a.] Senkant nevan. [“Se sa.”] Yon chimen long!

Bondye beni w, Frè...?...

Kounye a ann leve men nou ba Li.

Lè nou separe youn ak lòt,

Sa ban nou doulè andedan;

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou rankontre ankò.

411 Kounye a annou koube tèt nou, epi, ansanm san nou pa konnen sa lavni rezève, nan moman sa a, san n pa konnen men sa ke I fini. M pa konnen. M pa ka di. M pa ka di. M pa konnen. Men nan fas ki fè ke nou te revele maten an, annou priye priyè Seyè an te di nou fè. Menm si se: “Wayòm Ou vini. Volonte W fèt.” Annou fè I ansanm.

412 [Frè Branham ak asanble an di priyè kap swiv lan ansanm, nan Matye 6:9-13—Editè a.]

...Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou.

Vin tabli gouvènman ou, pou yo va fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la.

Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a.

Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal.

Pa kite nou nan pozisyon pou n' tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn

413 Kounye a ak kè nou koube. Bib lan te di: “Yo te chante yon kantik, epi te soti.” Sonje, lè yo te fè sa nan Lekriti, se te paske yo te krisifye ministè Dezyèm Pull Seyè nou an, epi Twazyèm Pull te pare pou antre. Kèk èdtan apre sa, Li te monte nan lanfè epi te preche bay pèdi yo ki te rejte mizèrikòd yo.

414 Yon akò de *Lafwa M Gade Anlè Ba Ou*.

Lafwa m—m gad anlè ba Ou,

Ayo Kalvè W la,

Diven Sovè;

Kounye a tandè m pandan m priye,

Retire tout peche m,

Pa kite m...apati de jou sa a

Pou m pou Ou nèt!

Pandan m mache nan labirent fènwa lavi an,

Epi chagren simaye nan viwonn mwen,

Se pou W Gid mwen;

Fè fènwa tounen lajounen,

Lave retire chagren, perèz,

O kite m apati de jou sa a

Pou m pou Ou nèt!

415 Seyè an beni nou, fè Pitit Li ak gras klere sou nou.

E Seyè an ba nou Lavi Etènèl, epi pou L avè nou isi a

nan mond sa a, epi mond lan ki dwe vini alavni. E, Lavi

Etènèl, ke nou sèvi L diran tout gwo peryòd tan ki dwe

vini an.

416 Si se tan an, epi nou rive nan plas sa a, m pa wont de sa m te preche a. E si chak minis dwe kanpe ak asanble l epi pou l jije, janm te wè nan vizyon an, m rekonesan pou Levanjil ke m te preche an, paske se menm Levanjil ke Pòl avè yo te preche.

417 M kontan pou nou. M kontan ke nou te resevwa Kris kòm Sovè nou. Renmen Li, epi priye.

418 E m ap wè nou apremidi an, si Seyè an vle, a setè, isi an nan legliz la. Bondye beni nou. Nou mèt ale.